

MANYÈL AVANTAJ YO

Apwouve 25 Out 2022



SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO AK
DOKTÈ YO

TAB DÈ MATYÈ

Entwodiksyon.....	3
Avantaj yo	3
Reklamasyon Demann pou Ranbousman oswa Avantaj	4
Premye Konpansasyon Paran	4
Swen Enfimyè	4
Swen Enfimyè Paran oswa Responsab Legal Bay Lakay:	5
Swen pandan Ospitalizasyon:	5
Swen Enfimyè oswa Asistan Pwofesyonèl Bay Lakay:	5
Swen Enfimyè Yo Bay Anvan Antre Nan Pwogram NICA:	5
Swen Debaz Rezidansyèl:	5
Tretman Medikal	6
Tretman Dantè	6
Medikaman sou Preskripsyon.....	6
Kontra ak Prim Asirans yo	6
Prim Asirans yo	6
Terapi.....	7
Sèvis Sante Mantal.....	7
Ekipman.....	8
Alokasyon pou Elektrisite	8
Founiti yo	8
Pwodui Nitrisyonèl Espesyal.....	9
Avantaj Espesyal Anyèl	9
Transpò ak Vwayaj.....	9
Transpò Fyab.....	9
Ranbousman Vwayaj	10
Èd pou Lojman	11
Fon Sipò pou Lanmò.....	11
Responsabilite Legal	11
Pwogram oswa Ekipman Eksperimantal.....	12
Avantaj ki Pa Abòde Espesyalman.....	12
Pwosedri yo	13
Otorizasyon pou Jwenn Sèvis Deyò Zò Plan Asirans Ou an Kouvri oswa Deyò Eta a	13
Dezakò, Refi Avantaj yo.....	13
Akò pou Kamyonèt	14
Seksyon Lwa NICA 766.301-766.316, Lwa Florida	17
Enfòmasyon pou Kontak	32
Anèks A: Ekipman.....	34
Anèks B: Founiti yo	35

Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Florida (Apwouve 25 out 2022)

ENTWODIKSYON

Byenveni nan Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Florida a (“Plan”). Plan an yo konnen plis sou non NICA, objektif li se pou bay konpansasyon, sou yon baz san fot, pou yon kategori limite blesi katastwofik ki lakòz frè wo anòminal pou swen debaz ak reyadaptasyon. Nan objektif sa, Plan an ofri yon pakèt kalite avantaj.

Nou vrèman ankouraje chak fanmi pou familiarize yo avèk Manyèl Avantaj sa a, ki ofri konsèy klè sou avantaj ki gendwa disponib nan Plan NICA a. Akòz chanjman lejislatif Lejislati Florida a te fè an 2021, Plan NICA an ofri plizyè avantaj anplis e ki pi bon ke tout fanmi yo ta dwe egzamine epi vin abitye avèk yo.

Objektif Manyèl Avantaj sa a se pou bay enfòmasyon senp ak dirèk sou avantaj ki disponib nan NICA ak sou fason fanmi yo ka mande avantaj sa yo. Sepandan, Manyèl Avantaj sa a se yon gid. Anfennkont, se Seksyon 766.301-766.316, nan Lwa Florida yo, yo rele pafwa Lwa NICA, ki kontwole aktivite NICA yo. Li esansyèl pou konprann se lwa a – se pa manyèl sa a – ki kontwole nenpòt konfli ki egziste ant enfòmasyon ki nan Manyèl Avantaj sa a ak lwa a li menm.

Anjeneral, dapre lwa Florida, NICA peye pou depans reyèl yon patisipan “ki nesese ak rezonab sou plan medikal”, ki gen ladan men se pa sa sèlman:

- Swen medikal ak lopital, swen ak fòmasyon abilitatif, swen rezidansyèl oswa swen debaz
- Swen ak sèvis rezidansyèl ak debaz pwofesyonèl
- Medikaman ki nesese pou rezon medikal
- Ekipman ak enstalasyon espesyal ki nesese sou plan medikal; ak vwayaj konsè ne yo

(Gade: Seksyon 766.31(1)(a), Lwa Florida)

Byenke Manyèl sa a eseye dekri seri avantaj ki disponib pou fanmi yo, NICA ka peye tou pou lòt founiti, ekipman oswa depans ki nesese sou plan medikal, ki asosye ak eta epi bezwen medikal patisipan an. Fanmi yo dwe soumèt bay responsab ka patisipan yo a depans ki nesese sou plan medikal yo ki pa abòde otreman nan Manyèl Avantaj sa a pou konsiderasyon.

Yon fanmi ka kalifye oswa pa kalifye pou resevwa menm avantaj ak yon lòt fanmi akòz eta, nesosite medikal espesyal chak patisipan, oswa lòt kouvèti ki disponib. Sepandan, NICA fè efò pou asire tout fanmi yo jwenn menm tretman epi pou tout depans ki nesese sou plan medikal epi ki rezonab yo kouvri, depann de limit ki endike nan seksyon 766.31, Lwa Florida yo. NICA gen dwa pou mande yon Lèt Nesosite Medikal pou nenpòt avantaj yo mande.

Akòz denyè chanjman lejislatif yo nan Florida, tanpri konnen byenke NICA konsidere tèt li kòm prensipal pou Medicaid ak yon tyès pati pou sèvis NICA kouvri yo, nou toujou ap kolabore ak AHCA sou yon plan pou kowòdone sèvis yo pou asire patisipan nou yo jwenn sèvis san pwoblèm. Jiskaske plan sa a fini, fanmi patisipan yo pa dwe chanje fason yo jwenn sèvis nan men founisè yo. On fwa plan tranzisyon an fini, yo pral kominike li bay fanmi yo ansanm ak tout nouvo pwosesis yo. Sepandan, si yon fanmi gen nenpòt pwoblèm pou jwenn sèvis Medicaid, tanpri kontakte responsab ka w la pou NICA ka kontinye epi fè sèvis sa yo pase nan finansman NICA.

REKLAMASYON DEMANN POU RANBOUSMAN OSWA AVANTAJ

Pou mande yon nouvo avantaj, yo ka mande paran oswa responsab yon patisipan NICA pou li bay youn oswa yon konbinezon sa ki annapre la yo:

- Yon lèt nesese medikal nan men doktè ki preskri a oswa founisè swen sante kalifye ak lisansye ak/oswa terapèstik lisansye
- Yon Eksplikasyon Avantaj (Explanation Of Benefits, EOB) oswa refi kouvèti nan men konpayi asirans ou a
- Yon resi oswa lòt prèv acha oswa machaswiv pou peye w oswa founisè a dirèkteman ranbousman an
- Yon eksplikasyon alekri paran an oswa responsab la bay sou rezon ki fè avantaj la nan meyè enterè patisipan an ak kòman li gen rapò ak blesi nan nesans li a.

Tanpri gade deskripsyon avantaj endividyèl annapre yo ki detaye dokiman ki nesese pou chak tip avantaj. Si w bezwen asistans ak sa ki dwe nan lèt nesese medikal la oswa konsèy sou sa ki nesese, tanpri kontakte Enfimyè Responsab Ka w la.

Tanpri fòk ou sonje NICA anba sipèvizyon ak responsablite anpil ajans ak enstitisyon leta. Kidonk, NICA dwe kapab demontre presizyon ak legalite tout peman bay fanmi yo pa mwayen dokiman yo mande yo ak peman ki asosye yo.

NICA pral raponn ak demann ranbousman pou depans nan men founisè medikal ak famasi ki soumèt nan kat ane (dapre Seksyon 95.11(3)(f), Lwa Florida) apre dat yo te fè depans lan si demann lan akonpaye ak dokiman sou nesese medikal epi fakti oswa resi founisè a. Limit tan sa a pa aplike pou depans ki fèt anvan yo te aksepte patisipan an nan pwogram NICA an. Y ap peye ranbousman an nan bon moman, epi y ap fè w konnen alekri si yo refize yon avantaj, oswa si NICA pa gen ase enfòmasyon oswa dokiman pou peye avantaj la.

PREMYE KONPANSASYON PARAN

Apati 1 Janvyè 2021, paran oswa responsab legal yon patisipan NICA gen dwa pou yon konpansasyon ki pa depase \$250,000. Chak ane apre 2021, kantite lajan konpansasyon paran pou nouvo fanmi k ap antre nan pwogram nan ap ogmante de 3 pousan chak ane.

SWEN ENFIMYÈ

Pifò patisipan NICA yo pral bezwen kèk nivo swen enfimyè oswa asistan pwofesyonèl pandan vi yo. Anpil fanmi chwazi pou yo rete lakay yo epi bay patisipan yo a swen, alòske lòt fanmi prefere angaje sèvis swen pwofesyonèl enfimyè oswa asistan yo. Toude opsyon yo disponib pou fanmi ki kalifye yo selon desizyon yo. Nivo swen enfimyè ak kantite lajan yo peye pou swen sa yo ka varye de yon fanmi a yon lòt, jan bezwen medikal inik chak patisipan egzije, epi tou konpetans moun k ap bay swen an.

Pou NICA peye pou swen enfimyè pou yon patisipan, responsab ka w la ap voye yon Fòmilyè Pasyan ak Responsab Swen Enfimyè (Patient and Nursing Caregiver Form, PNCF) pou yon doktè ki bay patisipan an swen ranpli l. Fòmilyè sa a se sa NICA pral itilize pou otorize kantite ak tip swen ki disponib yo. Fòmilyè a idantifye kantite èdtan swen ki nesese yo ak nivo swen pou èdtan sa yo (sa vle di, CNA, LPN, oswa RN). NICA ka fè yon revizyon detanzantan avèk pwofesyonèl medikal yo pou evalye bezwen kontini patisipan an epi pafwa bezwen k ap evolye oframezi tan ap pase.

Si sa aplikab, NICA ka mande tou enfòmasyon nan plan asirans ou a konsènan kouvèti swen enfimyè yo bay la. Responsab Ka ou a kapab ede w pou pwosesis sa a.

Swen Enfimyè Paran oswa Responsab Legal Bay Lakay:

Lè bezwen swen enfimyè oswa asistan pwofesyonèl nesèsè, NICA ka ranbouse yon paran oswa yon responsab legal pou swen debaz rezidansyèl ki nesèsè sou plan medikal e ki rezonab jan sa dokimante sou PNCF lan. Sa t ap kòm yon lòt chwa oswa li t ap anplisde peye pou swen enfimyè pwofesyonèl oswa lòt asistan pwofesyonèl yo.

Pou patisipan ki fèt depi 7 jen 2002:

Ranbousman an depann de limit ki presize nan Seksyon 766.302(10) ak 766.31, Lwa Florida. Seksyon sa yo presize NICA ka ranbouse yon paran oswa yon responsab legal pou jiska 10 èdtan swen familyal oswa swen debaz rezidansyèl li bay patisipan an dirèkteman nan yon peryòd 24 èdtan. Si yo otorize plis pase 10 èdtan, yo ka ranbouse lòt moun k ap bay swen yo pou swen ki otorize epi ki bay depase 10 èdtan. NICA pa ranbouse okenn èdtan lè patisipan an nan lekòl oswa PPEC.

Si yon patisipan bezwen plis pase 10 èdtan swen epi si paran an konsidere kòm yon pwofesyonèl medikal (pa egzanp, CNA, LPN, RN), limit 10 èdtan an anile. Yo ka ranbouse yon paran nan nivo lisans li (nan tarif Medicaid Florida a) pou èdtan swen yo konsidere ki nesèsè sou plan medikal epi paran an bay. Pa egzanp, si paran an se yon LPN epi PNCF lan otorize 12 èdtan swen CNA epi 12 èdtan swen LPN, epi paran an bay tout 24 èdtan swen yo, paran sa a t ap ranbouse pou 12 èdtan nan [tarif CNA](#) la epi 12 èdtan nan [tarif LPN a](#).

Pou patisipan NICA ki fèt anvan 7 jen 2002:

Ranbousman an depann de limit ki presize nan Akò Règleman Aksyon Kolektif la ak Jijman Final ak Òdonans ki Apwouve Akò Règleman Aksyon Kolektif la (ki disponib sou [nica.com](#)). Pou fanmi sa yo, NICA ka ranbouse yon paran oswa yon responsab legal pou jiska 20 èdtan pa jou pou swen li bay patisipan an dirèkteman. Si lòt moun k ap bay swen patisipe nan swen an, limit konbine a se 20 èdtan pa jou. Yo mwens lè lekòl yo tou. Si yon paran oswa yon responsab pran swen patisipan an dirèkteman epi li se yon swayan pwofesyonèl lisansye (pa egzanp, Asistan Sètifye, Enfimyè Pratisyen Lisansye, oswa Enfimyè Diplome), yo ka peye moun k ap bay swen an jiska 24 èdtan pa jou. Tarif peman yo baze sou nivo lisans paran oswa responsab la, ak kantite èdtan doktè a otorize.

Swen pandan Ospitalizasyon:

Si yon patisipan NICA entène lopital epi paran oswa responsab legal la dwe rete avèk li pandan li nan lopital la, NICA ap ranbouse paran an oswa responsab legal la pou jiska 24 èdtan pa jou nan tarif peman nòminal li, ki gen ladan jou admisyon an ak jou egzeyat la. Chanjman sa a anvigè 1 Janvyè 2021.

Swen Enfimyè oswa Asistan Pwofesyonèl Bay Lakay:

Si yon doktè rekòmande l, NICA pral ranbouse fanmi yo pou swen ki nesèsè sou plan medikal e ki rezonab enfimyè oswa asistan pwofesyonèl bay patisipan an. NICA ap ranbouse dirèkteman yon ajans founisè oswa yon lòt moun k ap bay swen ki kalifye, jan paran an oswa responsab legal la prefere. Yo ka ranbouse paran yo tou lè yon tyès pati k ap bay swen rate yon woulman travay epi yon paran dwe bay kèk nan swen an, akondisyon li bay NICA dokiman woulman ki rate yo.

Pou mande avantaj sa a, yon paran oswa yon responsab legal ka kontakte Enfimyè Responsab Ka li a. Responsab Ka a pral mande enfòmasyon sou peman swa pou moun lan oswa pou ajans swen enfimyè paran an vle pou pran swen patisipan an.

Swen Enfimyè Yo Bay Anvan Antre Nan Pwogram NICA:

Swen enfimyè yo bay soti nan dat egzeyat nan NICU jiska dat antre nan pwogram NICA an ranbousab dapre kritè yo ki anwo a. Yo pral jwenn PNCF an nan moman antre nan pwogram nan epi yo pral aplike l pou peryòd ki pase.

Swen Debaz Rezidansyèl:

Sizoka yo dwe deplase yon patisipan soti lakay li pou ale nan yon etablisman swen pwofesyonèl, NICA ap peye frè etablisman an lè pa gen okenn lòt peye disponib.

TRETMAN MEDIKAL

NICA pral ranbouse pou vizit doktè ki konsène swen yo epi tretman ki asosye ak blesi newolojik nan nesans lan, sa gen ladan peman-pataje ak frè ki pa kouvri yo kote sa aplikab.

NICA pral ranbouse swen pou pasyan entène ak pasyan ekstèn nan lopital, ki gen ladan swen ijans anrapò avèk swen ak tretman ki asosye ak blesi newolojik nan nesans epi frè etablisman yo.

TRETMAN DANTÈ

Apati 1 Janvyè 2022, sèvis dantè ki nesèsè sou plan medikal epi ki gen rapò avèk blesi nan nesans lan kouvri. Sèl bagay ki pa kouvri se frè netwayaj regilye de fwa pa ane yo. Demann pase yo te refize nan kat dènye ane yo pral rekonsidere sou demann.

MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

Medikaman sou preskripsyon yo pral ranbouse avèk yon resi ak yon kopi etikèt la. Ranbousman sa a se sèlman pou medikaman anrapò avèk swen ak tretman ki asosye ak blesi newolojik nan nesans lan.

KONTRA AK PRIM ASIRANS YO

NICA ankouraje fanmi yo pou yo gen asirans sante si patisipan pa gen lòt kouvèti nan plan asirans fanmi an, yon pwogram onivo eta oswa federal, oswa yon lòt tip plan sante epi y ap ranbouse frè kouvèti asirans lan si yo mande l. Si w enterese jwenn asirans sante, tanpri mande Enfimyè Responsab Ka w la enfòmasyon sou avantaj sa a.

Prim Asirans yo

NICA pral ranbouse fanmi yo pou pòsyon patisipan an nan yon prim asirans sante apati dat lè yo fè NICA demann lan alekri. Pou patisipan k ap antre nan pwogram lan apati 1 Janvyè 2022 oswa apre, NICA pral ranbouse fanmi patisipan an prim asirans lan apati dat nesans patisipan an.

NICA mande yon kopi dokiman kouvèti asirans lan ak prim lan ki idantifye pòsyon patisipan an nan prim lan pou peye pou depans sa a. Si dokiman an pa idantifye pòsyon patisipan an presizeman, NICA gen dwa pou kalkile ki kantite nan prim lan li pral ranbouse sou yon baz ki kalkile yon fason pwopòsyonèl.

TERAPI

NICA pral ranbouse fanmi yo pou terapi yon terapè lisansye fè, ke yon doktè detèmine ki nesèsè sou plan medikal epi ki rezonab.

Kèk nan terapi ki kouvri yo gen ladan yo:

- Terapi Fizik
- Terapi Okipasyonèl
- Terapi Lapawòl
- Terapi Nan Dlo
- Terapi Entansif
- Terapi Mizik
- Terapi ak Cheval
- Terapi Masaj
- Terapi Konpòtmantal
- Terapi Vizyon

Pwogram kan terapi anyèl yo pral kouvri pou jiska \$2000. Kan terapi ka kouvri depase \$2000 si li reponn ak nòm yon terapi entansif. Enfimyè Responsab Ka w la pral evalye plan swen an pou pwogram kan terapi a ka detèmine si kan terapi a ka kouvri.

Lòt terapi ka kalifye tou pou kouvèti. Si yon founisè medikal rekòmande yon terapi ki pa endike pi wo a, mande Enfimyè Responsab Ka w la enfòmasyon.

NICA ka konsilte detanzantan pwofesyonèl medikal ki apwopriye konsènan nesèsite medikal pou kontinye divès terapi.

Pou mande terapi pou patisipan an, NICA egzije yon plan swen terapè la ekri epi doktè patisipan an siyen, ansanm ak enfòmasyon ki montre tout lòt peyè yo te refize terapi a, tankou asirans, plan prepeye, HMO oswa èd leta ki ka disponib. Si yon plan asirans oswa yon lòt antite kouvri yon pati nan terapi a, NICA ap peye peman-pataje a oswa pòsyon responsablite pasyan an.

SÈVIS SANTE MANTAL

NICA kwè nan ankouraje byennèt patisipan nou yo ak fanmi yo. Apati 21 jen 2021, NICA pral bay manm fanmi pwòch yo (oswa responsab legal ki abite avèk patisipan an) yon avantaj anyèl total jiska \$10,000 pou jwenn sèvis sante mantal nan men founisè lisansye dapre Chapit 490 ak Chapit 491 nan Lwa Florida (oswa lwa ki menm jan nan lòt Eta yo). Founisè ki depann de chapit sa yo gen ladan sikològ, terapè maryaj ak fanmi, konseye sante mantal, ak travayè sosyal yo. Sèvis sante mantal sikyat lisansye bay dapre Chapit 458 Lwa Florida (oswa lwa ki menm jan nan lòt Eta yo) ap kalifye tou pou ranbousman. NICA ap peye tou pou nenpòt peman-pataje oswa frè ki pa kouvri yo. Sizoka yon patisipan mouri, fanmi yo ka resevwa rès lajan ane sivil sa a pou sèvis sante mantal yo (jiska \$10,000), plis lòt de ane lajan anplis (jiska \$20,000) pou sèvis sante mantal yo jiskaske kantite lajan an fini.

Pou ranbousman, yo dwe bay NICA dokiman ki montre founisè a lisansye nan Eta l la pou bay sèvis sa yo, yon eksplikasyon sou avantaj yo (si sa aplikab), prèv peman, ak dat sèvis yo.

Rekòmandasyon andeyò terapi pwofesyonèl sante mantal la yo fè bay manm fanmi yo (pa egzansp, medikaman sou preskripsyon, terapi masaj, yoga, elatriye) pa ranbousab nan avantaj sa a.

EKIPMAN

NICA pral achte oswa ranbouse depans reyèl yo pou ekipman yo egzije pou yon patisipan pran swen. Paske ekipman patisipan NICA yo bezwen varye anpil, yo ka jwenn yon lis ekipman ki te kouvri jiska prezan nan Anèks A.

Pou kòmande oswa ranbouse ekipman ki koute mwens pase \$3,000, NICA pral egzije yon deklarasyon alekri nan men paran oswa responsab legal patisipan an sou rezon ki fè ekipman an nesèsè (si li pa klèman gen rapò ak blesi a) ak yon refi asirans si gen posiblite pou ekipman an kouvri ak plan asirans patisipan an.

Pou kòmande oswa ranbouse ekipman ki koute plis pase \$3,000 NICA pral egzije yon lèt nesèsite medikal OSWA yon preskripsyon, ak yon refi asirans si gen posiblite pou ekipman an kouvri ak plan asirans patisipan an. Nan kèk ka, (tankou yon stander oswa yon chèz woulant) NICA ap bezwen tou idantifikasyon kòmand lan si li achte dirèkteman nan men yon founisè.

Gen kèk ekipman byen presi kote NICA gen yon relasyon ak yon founisè pou yon tip oswa mak ekipman espesyal epi li ta vle kòmande ekipman yo mande nan men founisè sa yo dirèkteman. Ou ka jwenn yon lis ekipman sa a nan Anèks A avèk yon "*" bò kote non ekipman an. Nan ka sa yo, dokiman ki nesèsè nan kategori yo ki anwo a t ap toujou aplike.

*Yo ka kontakte Enfimyè Responsab Ka NICA yo si gen yon ensètitud konsènan si ekipman yo mande a ka bezwen oswa ka pa bezwen yon refi asirans.

Alokasyon pou Elektrisite

Apati 15 Oktòb 2021, sou demann, NICA ka peye fanmi yo yon alokasyon chak mwa pou diminye frè elektrisite sipleman tè ki asosye ak itilizasyon ekipman ki nesèsè sou plan medikal anrapò avèk blesi newolojik patisipan an. Montan alokasyon masyèl la baze sou [pri Biwo Estatistik Travay Ameriken](#) an pou chak kilowatè pou rejyon sid Atlantik la. Alokasyon an pral ajiste chak 1 Janvyè pou reflekte chanjman nan Kilowatè apati Novanm ane anvan an. Pou kalifye pou alokasyon an, fanmi yo ap gen pou yo fè pati youn nan de kategori yo.

Kategori 1:

Patisipan an gen frè elektrisite sipleman tè ki asosye ak itilizasyon youn nan sa ki pral site la yo: yon kabann elektrik, konsantratè oksijèn, oswa yon CPAP/BIPAP.

Kategori 2:

Patisipan an gen frè elektrisite sipleman tè ki asosye ak itilizasyon yon ponp alimantasyon, yon machin pou aspirasyon, ak yon twazyèm ekipman ki nesèsè sou plan medikal.

Fanmi yo dwe kontakte Enfimyè Responsab Ka yo a pou mande alokasyon an epi enfòmè responsab ka yo a sou ekipman medikal ki nesèsè yo itilize aktyèlman nan kay la. Paran oswa responsab la dwe mande sa epi yo ka peye l apati 1ye nan mwa apre patisipan an antre nan pwogram nan.

FOUNITI YO

NICA pral achte oswa ranbouse depans reyèl yo pou founiti yo egzije pou swen yon patisipan. Paske founiti patisipan NICA yo bezwen yo varye anpil, yo ka jwenn yon lis founiti ki te kouvri jiska prezan nan Anèks B.

Pou kòmande oswa pou ranbouse founiti ki koute mwens ke yon sèl depans \$3000 oswa yon depans repete ki koute mwens pase \$1000 pa mwa, NICA pral egzije yon deklarasyon alekri nan men paran oswa responsab legal patisipan an sou rezon ki fè founiti a nesèsè (si li pa klèman gen rapò ak blesi a) ak yon refi asirans si gen posiblite pou kouvri atik la ak plan asirans patisipan an.

Pou kòmande oswa ranbouse founiti ki plis pase yon sèl depans \$3000 oswa yon depans repete ki koute plis pase \$1000 pa mwa NICA pral egzije yon lèt nesese medikal OSWA yon preskripsyon, ak yon refi asirans si atik la gen posibilite pou kouvri ak plan asirans patisipan an.

*Yo ka kontakte Enfimyè Responsab Ka NICA yo si gen yon ensètitud konsènan si atik yo mande a ka bezwen oswa ka pa bezwen yon refi asirans.

Pwodui Nitrisyonèl Espesyal

Pou patisipan ki pa kapab manje yon rejim alimantè nòmal epi ki bezwen manje mou/pire modifiye akòz yon malfonksyonman sistèm dijestif ki gen rapò ak blesi newolojik la, kòmanse nan laj 2 zan, NICA pral ranbouse pwodui nitrisyonèl espesyal pre-anbale OSWA bay yon alokasyon chak mwa pou manje fre yo dwe prepare sou fòm pire lakay. Fanmi ki chwazi kèlkeswa opsyon yo ka gen pou bay yon lèt nesese medikal.

Opsyon 1: Ranbousman pou Pwodui Nitrisyonèl Espesyal Pre-anbale:

NICA pral ranbouse pou pwodui nitrisyonèl espesyal ki bay valè nitrisyonèl nesese yo epi ki nesese sou plan medikal. Manje tibebe sou fòm pire, fòmila anteral, ak lòt pwodui nitrisyonèl espesyal yo pral ranbousab pandan tout tan yo nesese sou plan medikal. Fanmi yo dwe soumèt yon resi avèk nenpòt demann ranbousman.

Opsyon 2: Alokasyon pou Manje Fre Chak Mwa:

NICA ankouraje fanmi yo pou sèvi ak manje fre epi apati 1 oktòb 2022, NICA pral bay yon alokasyon chak mwa pou manje fre ki nesese pou fanmi yo transfòme manje an pire lakay yo. Alokasyon mansyèl la baze sou [Thrifty Food Plan USDA](#) a ki estime pri chak mwa pou yon rejim nitritif baze sou laj. Alokasyon mansyèl la apati dat 1 oktòb 2022 pral baze sou rapò Jen 2022 Thrifty Food Plan USDA a. NICA pral fè mizajou nan montan alokasyon mansyèl la pou fanmi yo chak 1 Janvyè selon rapò mwayen mansyèl pi resan Thrifty Food Plan USDA ki disponib la.

Si fanmi yo chwazi alokasyon manje fre chak mwa a, pap gen okenn ranbousman pou pwodui nitrisyonèl espesyal yo.

Blennè

Anplis, NICA pral ranbouse fanmi yo, ki gen patisipan ki bezwen yon rejim alimantè mou/pire, jiska \$500 pou yon blennè chak twa ane. Fanmi yo dwe soumèt yon resi avèk nenpòt demann ranbousman pou yon blennè epi yo ka mande yon lèt nesese medikal.

AVANTAJ ESPESYAL ANYEL

NICA pral ranbouse fanmi yo jiska \$500 pou chak ane sivil pou nenpòt atik anrapò ak meyè enterè patisipan an. Egzanp yo ka gen ladan yo jwèt adaptatif, ekipman pisin, jwèt, elektwonik, ak lòt bagay ki amelyore kalite lavi. Kòmanse ak avantaj 2021 an, nenpòt montan ki pa itilize ka transfere pou yon peryòd tan ilimite.

TRANSPÒ AK VWAYAJ

Transpò Fyab

Lè yon patisipan bezwen yon mwayen transpò fyab, NICA kowòdone acha yon veyikil fyab oswa yon kamyonèt aksesib sou demann paran an. Prèv asirans veyikil ajou ak pèmi kondui valid obligatwa.

NICA endike kòm yon detantè dwa sezi sou papye veyikil la. Sepandan, papye veyikil la limenm sou non paran yo oswa responsab legal yo kòm responsab pou patisipan an dapre Lwa Transfè Inifòm bay Minè nan Florida.

Antanke detantè dwa sezi, NICA peye epi/oswa ranbouse depans ki annapre la yo:

- Pri acha veyikil la ak frè akizisyon ki asosye yo
- Lisans/plak anrejistremman ak renouvèlman yo
- Frè pou mentnans. Nenpòt depans ki plis pase \$500.00 egzije apwobasyon davans oswa yo ka pa ranbouse yo.
- Kouvèti asirans debaz, kouvèti konplè pou kolizyon, ak kouvèti asirans konplè. NICA dwe endike kòm detantè dwa sezi nan kontra a.
- Yo pral ranbouse milyaj pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve davans nan valè ki de fwa [tarif GSA](#) pou yon veyikil leta bay.

NICA ranplase veyikil la chak sèt ane oswa chak 150,000 mil, selon sa ki rive anpremye a.

Fanmi ki pa bezwen yon veyikil ankò dwe retounen li bay NICA an bon eta oplita nan 60 jou.

Ranbousman Vwayaj

NICA pral ranbouse depans ki fèt lè yon patisipan NICA ap vwayaje pou ale ak soti nan randevou ki nesèsè sou plan medikal, tankou vizit kay doktè, terapi, oswa lòt vwayaj ki nesèsè sou plan medikal. Anplis, NICA ap ranbouse milyaj ki asosye ak deplasman pou ale nan famasi a pou preskripsyon anrapò avèk blesi patisipan an nan nesans lan (egzije resi ki gen dat epi etikèt).

Si yo kondi patisipan an, NICA pral ranbouse frè pakin ak peman nan pòs yo (lè yo soumèt resi yo), ansanm ak milyaj ki dokimante nan tarif annapre yo:

- Lè yo itilize transpò fyab:
 - Yo pral ranbouse milyaj pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve davans nan valè ki de fwa [tarif GSA](#) pou yon veyikil leta bay.
- Lè yo itilize yon veyikil pèsònèl:
 - Yo pral ranbouse milyaj pou randevou medikal oswa vwayaj ki te apwouve davans nan valè ki de fwa [tarif GSA](#) pou yon veyikil prive.

Pou yo ka ranbouse milyaj, NICA dwe genyen dokiman ki montre randevou ranbousab patisipan an te asiste a. Enfimyè Responsab Ka a pral sèvi avèk adrès paran oswa responsab legal patisipan an bay pou kalkile ranbousman milyaj la. Si paran oswa responsab legal la vle yon wout katografik byen presi itilize pou ranbousman an, yo pral gen pou yo bay Enfimyè Responsab Ka yo a kat gewografi ki itilize pou rive nan kote a pou ranbousman an.

Lè yon patisipan dwe vwayaje, ale senp swa 30 miles oswa plis pase 45 minit, apati kay li pou yon randevou medikal, terapetik, oswa yon randevou ranbousab otreman, NICA pral ranbouse pou manje ak frè enprevi nan tarif GSA nan jou vwayaj la (75% pèdiyèm nan) pou jiska de moun k ap bay swen epi patisipan NICA a, si sa aplikab. Resi yo pa obligatwa. Remake tarif ki itilize a se tarif ki anvigè nan vil destinasyon an.

Lè patisipan an ak yon paran/responsab vwayaje omwen 50 miles ak lakay yo epi yo dwe rete pandan nwit lan, NICA pral ranbouse ebèjman pou depans reyèl la jiska 1.3 fwa tarif lojman GSA (plis taks sou vant aplikab yo) pou vil destinasyon an.

Yo ranbouse tou repa ak frè enprevi pou vwayaj lannwit dapre règleman GSA pou jiska de moun k ap bay swen ak patisipan NICA a, si sa aplikab.

Apati 1 Janvyè 2022, si patisipan an pran avyon, NICA pral ranbouse biyè avyon vwayaj coach pou patisipan an ak de paran/responsab yo epi l ap ranbouse ebèjman depans reyèl yo jiska 1.3 fwa tarif lojman GSA an. Tanpri konnen tarif GSA sa a se pou kouvri tout vwayajè yo.

Lè yo soumèt resi yo, NICA ka ranbouse frè transpò ki nesèsè sou plan medikal ki pa mansyone otreman pi wo a. Tanpri kontakte Responsab Ka Swen Enfimyè ou a si w gen kesyon sou ranbousman lòt depans anrapò avèk vwayaj.

ÈD POU LOJMAN

Patisipan yo gen dwa ak yon avantaj èd pou lojman ki rive jiska \$100,000 pandan lavi yo. Fanmi yo te itilize avantaj sa a nan divès kalite fason ki gen ladan (men se pa sa sèlman) renovasyon aksesib nan yon kay aktyèl, konstriksyon nouvo kay, peman ipotèk oswa lwaye chak mwa, depans pou bwote al nan yon lojman ki pi aksesib, dèlko pou tout kay la oswa yon avans peman sou yon nouvo kay. Tanpri kontakte responsab ka w la si w genyen nenpòt kesyon epi pou w jwenn enfòmasyon sou dokiman ki nesèsè pou w itilize avantaj espesyal sa a.

FON SIPO POU LANMO

Pi gwo objektif NICA se soutni patisipan yo ak fanmi yo nan chak etap nan lavi a. Sizoka yo enfòmè NICA sou lanmò yon patisipan, fanmi yo pral resevwa \$50,000 nan yon lide pou retire fado frè sèvis yo sou do yo. Moman nou fè pèt ka emosyonèl epi ka lakoz konfizyon, NICA vle pou li yon resous pou gerizon pou fanmi li yo nan moman difisil sa yo.

RESPONSABILITE LEGAL

Lè yon patisipan vin gen laj 18 lane, eta yo anjeneral egzije paran yo vin responsab legal pou kontinye pran desizyon medikal nan non yo. NICA pral kouvri depans pou fanmi yo jwenn responsabilite legal patisipan NICA yo a. Fanmi yo ka chwazi pwòp avoka yo, oswa si paran an mande l, NICA ka bay yon lis avoka ki espesyalize nan responsabilite legal. Byenke pa gen okenn restriksyon sou frè pou jwenn responsabilite legal, yo prevwa seri tout frè yo pral \$3,000-\$7,500. NICA pral kouvri tou frè pou renouvèlman anyèl responsabilite legal yo.

PWOGRAM OSWA EKIPMAN EKSPERIMANTAL

Lè yon paran oswa responsab legal mande NICA peye pou patisipasyon nan yon pwogram eksperimental oswa pou jwenn ekipman eksperimental, Direktè Egzekitif la ka apwouve demann lan dapre kritè ki annapre yo:

1. Pri total ki asosye ak pwogram oswa ekipman an pa dwe twòp epi yo dwe soumèt pou apwobasyon davans. Li ka gen ladan l dire pwogram lan; avantaj medikal ki prevwa; ak disponiblite pwogram nan lòt kote nan Florida si li sitye andeyò zòn lakay patisipan an.
2. Yo dwe resevwa yon rapò nan men doktè swen jeneral patisipan an ki rekòmande pwogram oswa ekipman eksperimental la lè yo detaye nesesisite medikal li.
3. Yo dwe bay prèv pwogram oswa ekipman eksperimental la te bay avantaj medikal ki klè, obsèwab oswa ki demontrab, ansanm ak prèv patisipan an te benefisye oswa pral benefisye de pwogram oswa ekipman eksperimental la.
4. Direktè Egzekitif la ka apwouve chak kilè ak dire pwogram oswa ekipman eksperimental yo mande a.
5. Yo ka otorize kontinite pwogram oswa ekipman an si yon evalyasyon peryodik yon doktè fè montre yon avantaj medikal ki klè, obsèwab oswa demontrab pou patisipan an.

Si evalyasyon an endike konsiderasyon lòt kritè, lè sa yo pral mande enfòmasyon siplemantè epi yo dwe soumèt yo pou revizyon.

AVANTAJ KI PA ABÒDE ESPESYALMAN

Konsèy la te otorize Direktè Egzekitif la pou l apwouve avantaj ki dekri nan Manyèl Avantaj sa a. Sepandan, Konsèy la rekonèt ka gen kèk tip ekipman oswa lòt bagay ki ka itil pou yon patisipan ak fanmi li men yo pa abòde nan Manyèl Avantaj sa a. Si gen yon atik oswa sèvis ou santi ki ta dwe kouvri epi li pa mansyone, tanpri pale avèk responsab ka w la.

OTORIZASYON POU JWENN SEVIS DEYO ZO PLAN ASIRANS OU AN KOUVRI OSWA DEYO ETA A

Paran oswa responsab legal yo dwe enfòm NICA anvan yo mennen yon patisipan deyò zòn ki kouvri ak plan asirans li a oswa deyò Eta Florida a pou evalyasyon, operasyon, oswa lòt tretman ki nesèsè sou plan medikal. NICA dwe otorize tretman deyò Eta a alavans. NICA ka akselere peman pou ekipman ak sèvis pre-otorize epi pafwa peye davans pou yo. San otorizasyon davans, NICA ap peye sèlman pou tretman deyò zòn ki kouvri ak plan asirans lan oswa pou tretman ak vwayaj deyò Eta a si te gen yon ijans nan moman tretman an.

DEZAKÒ, REFI AVANTAJ YO

Si vin gen yon dezakò sou yon reklamasyon pou avantaj, nou envite w diskite sou pwoblèm nan ak yon Enfimyè Sipèvizè Reklamasyon. Li pral pwofite okazyon an pou travay avèk ou nan lide pou rezoud dezakò a. Nan kèk ka, NICA ka mande yon lèt alekri pi klè sou nesèsite medikal oswa dokiman siplemantè.

Si vin gen yon dezakò epi Enfimyè Sipèvizè Reklamasyon an pa ka rezoud li, sou demann alekri, Direktè Egzekitif la ka egzamine reklamasyon an epi eseye rezoud dezakò a avèk paran yo oswa responsab legal yo.

Si Direktè Egzekitif la pa ka rezoud dezakò a epi yo refize yon avantaj, paran yo oswa responsab legal yo gen dwa pou yo depoze yon petisyon nan Divizyon Odyans Administratif la pou diskite sou montan depans reyèl ki pou ranbouse oswa sou refi avantaj yo. Konsilte DOAH.fl.us pou plis detay. Paran oswa responsab legal yo ka kontakte Defansè Konsomatè Asirans lan (Insurance Consumer Advocate) nan Depatman Sèvis Finansye Florida a pou jwenn oryantasyon siplemantè sou yon baz ki pa ofisyèl.

Adrès pou soumèt yon lèt oswa yon petisyon se:

Divizyon Odyans Administratif

1230 Apalachee Parkway
Tallahassee, FL 32399
Telefòn: (850) 488-9675
Faks: (850) 921-6847

Enfòmasyon pou kontakte Defansè Konsomatè Asirans lan se:

Biwo Defansè Konsomatè Asirans lan Depatman Sèvis Finansye Florida

Telefòn Biwo: 850.413.2868
Faks: 850.487.0453

AKÒ KI KONTWOLE NICA - VEYIKIL ACHE

AKÒ SA a te konkli nan dat _____ nan mwa _____, pa epi ant Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida (Neurological Injury Compensation Association “NICA”) ak _____ (“Paran”) antanke paran ak/oswa responsab legal _____ (“Patisipan” an).

ATANDIKE, Patisipan an kouvri ak Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida (“Plan” an); epi

ATANDIKE, dapre Seksyon 766.31 nan Lwa Florida yo, Patisipan an te resevwa yon Atribisyon NICA pou peman “[d] epans reyèl pou swen medikal ak swen lopital ki nesèsè sou plan medikal epi ki rezonab, swen ak fòmasyon abilitatif, swen rezidansyèl oswa swen debaz famiyal, swen pwofesyonèl rezidansyèl, ak swen ak sèvis debaz, pou medikaman ki nesèsè sou plan medikal, ekipman espesyal, ak etablisman, ak pou vwayaj ki asosye,” epi

ATANDIKE, yo te jwenn li apwopriye pou achte yon veyikil ki nesèsè sou plan medikal, ki ekipe espesyalman (ANE _____, MAK _____, MODÈL _____, VIN _____: ki rele pi devan nan dokiman sa “Veyikil” la) pou avantaj Patisipan an pou asire transpò sou chèz woulant ki nesèsè sou plan medikal pou Patisipan an; epi

ATANDIKE, NICA dispoze founi yon veyikil konsa selon kondisyon jeneral yo ki endike nan Akò sa a epi Paran an aksepte pou respekte kondisyon jeneral yo ki nan Akò sa a.

POU MOTIF SA YO, kont teni de angajman ak akò respwòk ki genyen nan dokiman sa ak pou lòt konsiderasyon ki bon epi ki valab, ki rekonèt ak dokiman sa a kòm bagay ki resevwa epi ki sifi, NICA ak Paran an antann nan fason sa:

1. Acha Veyikil la:

NICA ap peye pri pou acha a ak frè ki asosye yo pou acha Veyikil la, men NICA pap kenbe papyè Veyikil la. NICA p ap gen okenn responsablite legal oswa obligasyon ki soti, dirèkteman oswa endirèkteman, nan posèsyon oswa nan itilizasyon Veyikil la.

Nenpòt rabè oswa ranbousman ki ka transfere bay paran an oswa li resevwa okoz NICA achte Veyikil la ap pwopriyete NICA sèlman epi yo dwe transfere oswa retounen yo bay NICA oplita nan dis (10) jou apre paran an resevwa li. Sizoka yo pa retounen bay NICA nenpòt rabè oswa ranbousman konsa, NICA ka konpanse nenpòt lòt peman yo dwe Paran an jis nan nivo rabè ak ranbousman sa.

2. Papyè:

Veyikil la dwe gen papyè sou non Paran an, kòm responsab pou Patisipan an dapre Lwa Transfè Inifòm pou Minè Eta Florida pou avantaj Patisipan an. NICA ap endike kòm yon detantè ak dwa sezi sou sètifika papyè Veyikil la, men pati yo rekonèt Paran ak Patisipan an p ap oblije remèt NICA pri acha Veyikil la toutotan Paran an respekte tout kondisyon jeneral yo ki nan Akò sa a.

3. Itilizasyon ak Fonksyonman Veyikil la:

Paran an aksepte veyikil la dwe itilize ak fonksyone prensipalman pou transpò Patisipan an pou deplasman ki nesèsè sou domèn medikal, sa ki vle di anjeneral vwayaje avèk Patisipan an nan Veyikil la pou ale nan randevou yo, ki gen ladan vizit kay doktè, terapi oswa lòt deplasman menm jan. Anplis, Paran an aksepte Veyikil la se pa veyikil pèsònèl Paran an; li pa dwe itilize pou rale oswa pou transpòte okenn sibstans ilegal oswa kago; epi, yo pa dwe itilize l pou rale oswa transpòte okenn bagay ki pa ekipman Patisipan an ki nesèsè sou plan medikal.

Resevwa Veyikil ki dekri nan dokiman sa reprezante konpansasyon pou depans vwayaj ki nesèsè sou plan medikal epi ki rezonab an favè Patisipan an epi li ranplase nenpòt reklamasyon sipleman oswa peman milyaj ak lòt depans pou vwayaj sa yo, eksepte jan NICA otorize yo prezizeman. Si NICA otorize li, yo pral ranbouse gazolin pou vwayaj ki nesèsè sou plan medikal ak pou vwayaj ki te apwouve davans nan de fwa tarif Administrasyon Sèvis Jeneral Etazini (General Services Administration, GSA) detèmine pou chak mile pou yon veyikil leta bay.

4. Antretyen ak Eta Veyikil la:

NICA aksepte pou peye pou tout Lisans/plak anrejistreman ak renouvèlman, kawotchou, batri, ak lòt antretyen veyikil la ki nesèsè yon fason rezonab. Paran an dwe bay resi pou ranbousman antretyen. Nenpòt depans ki depase \$500.00 egzije apwobasyon davans sinon yo ka pa ranbouse yo.

Paran an aksepte pou kenbe Veyikil la an konfòmite ak kalandriye antretyen fabrikan an ak nan bon eta fonksyònman, san gwo domaj estetik, eksepte domaj itilizasyon nòmal lakoz. Anplis, paran an aksepte pou fè nan bon moman nenpòt reparasyon ki nesèsè daprè rekòmandasyon yon mekanisyen. Paran an rekonèt si li pa kenbe Veyikil la nan bon eta fonksyònman, sa pral lakòz yon diminisyon nan dire ak valè Veyikil la. NICA gen dwa pou li pa ranplase Veyikil ki pa rive nan sèt (7) ane oswa 150,000 miles nan bon eta fonksyònman. Nenpòt domaj Veyikil la sibi dwe repara anvan li ranplase l.

Anplis, Paran an rekonèt Veyikil la dwe kenbe nan yon eta pwòp yon fason rezonab (sètadi, pa gen twòp debri ak/oswa fatra nan veyikil la ki bloke bon aksè nan nenpòt ekipman espesyal ki nesèsè pou transpò Patisipan an ak chèz woulant Patisipan an). Yo ka pa ranplase nenpòt Veyikil ki pa kenbe nan eta pwòp yon fason rezonab.

5. Asirans:

Paran an aksepte pou kenbe omwen kouvèti minimòm obligatwa Eta a, ki gen ladan asirans responsablite domaj kòporèl/domaj sou pwopriete ak limit \$10,000/\$20,000/\$10,000, asirans konplè ak kolizyon, pwoteksyon debaz pou blesi pèsònèl (san fot) ansanm ak nenpòt lòt asirans jan lwa Eta a oswa lòt lwa ki an aplikasyon kapab egzije. NICA ap ranbouse Paran an pou kouvèti asirans lan jan li endike prezizeman anba a.

NICA pral ranbouse sèlman kouvèti asirans pou itilizasyon Veyikil la Paran an fè. NICA pap ranbouse ogmantasyon nan prim asirans otomobil ki ka atribiye ak yon move dosye kondui Paran an oswa pou nenpòt lòt chofè. Si yo pa kenbe asirans lan jan sa egzije nan Akò sa a, sa ka lakòz pèt Veyikil la oswa lakòz yo pa ranplase Veyikil la.

Si Veyikil la enplike nan yon aksidan oswa yon pèt, frè asirans pa peye yo sou responsablite Paran an. NICA dwe endike kòm benefisyè pèt sou asirans konplè ak kolizyon an. Paran an aksepte pou rapòte nenpòt aksidan ak/oswa domaj kò Veyikil la bay NICA ak konpayi asirans Paran an dèke sa posib apre yon aksidan rive oswa apre yo dekouvri domaj la nan Veyikil la. Si yo pa rapòte domaj Veyikil la sibi bay NICA ak konpayi asirans Paran an, jan sa egzije nan Akò sa a, sa ka lakòz pèt veyikil la, oswa si li detwi totalman, sa ka lakòz yo pa ranplase Veyikil la.

6. Dire Lavi Veyikil la:

Akò sa a gen fòs legal pou nenpòt sipèvizè ki vin apre, responsab, oswa fidisyè menm jan ki gendwa ap aji kòm responsab Patisipan an. Veyikil la ap gen yon dire lavi sèt (7) ane oswa 150,000 miles apati dat Paran an posede Veyikil la. Sòf si gen lòt aranjman ki fèt ak NICA, Paran an aksepte pou li bay NICA posesyon epi transfere papye Veyikil la apre sèt (7) ane apati dat posesyon an oswa lè veyikil la rive nan 150,000 mil, selon sa ki rive anvan. Sizoka itilizasyon Veyikil la vin pa nesèsè ankò pou avantaj Patisipan an pou yon rezonab kèlkonk, Paran an dwe enfòmè NICA pou sa epi l ap remèt NICA posesyon epi transfere papye nan Veyikil la bay NICA.

7. Veyikil la ki depann de Akò sa a idantifye nan fason ki annapre a:

Ane/Mak/Modèl: _____ Koulè: _____ Nimewo I.D.: _____

POU SÈTIFYE SA, pati yo te siyen Akò sa a jan li endike anba a:

PARAN:

METE NON PARAN AN AVÈK LÈT DETACHE

ETA FLORIDA

KONTE _____

Yo te rekonèt dokiman ki anwo a devan mwen nan dat _____ nan mwa _____ 2022, pa _____, ke mwen konnen pèsònèlman oubyen ki te prezante _____ kòm pyès idantifikasyon epi ki te prete sèman (oubyen ki pa te prete sèman).

NOTÈ PIBLIK - ETA FLORIDA

Non an Lèt Detache, Tape, oswa Mete So Notè Piblik la;
Nimewo Komisyon ak dat Ekspirasyon:

ASOSYASYON KONPANSASYON BLESİ NEWOLOJİK ANRAPÒ AVÈK NESANS NAN FLORIDA (NICA):

Pa: _____

Melissa Jaacks, Direktè Egzekitif pa Enterim

ETA FLORIDA

KONTE LEON

Dokiman ki anwo la a te rekonèt devan mwen nan _____ nan mwa _____, 2022, pa Melissa Jaacks kòm Direktè Egzekitif NICA, ke mwen konnen pèsònèlman oubyen ki te prezante _____ kòm pyès idantifikasyon epi ki te prete sèman (oubyen ki pa te prete sèman).

NOTÈ PIBLIK - ETA FLORIDA

Non an Lèt Detache, Tape, oswa Mete So Notè Piblik la;
Nimewo Komisyon ak dat Ekspirasyon:

LWA FLORIDA 2021 CHAPIT 766

766.301 Konklizyon lejislatif ak entansyon.

(1) Lejislati a fè konklizyon ki annapre la yo:

(a) Doktè k ap pratike obstetrik yo se espesyalis medikal ki gen gwo risk, prim asirans doktè sa yo pou fot pwofesyonèl koute chè anpil, epi dènye ogmantasyon nan prim sa yo te pi gwo pou doktè sa yo pase pou lòt doktè yo.

(b) Nenpòt nesans ki pa yon nesans nòmal souvan mennen nan yon reklamasyon kont doktè responsab tretman an; pakonsekan, doktè sa yo pami doktè ki plis afekte ak aktyèl pwoblèm fot pwofesyonèl medikal yo.

(c) Paske sèvis obstetrik yo se sèvis ki esansyèl, Lejislati a gen obligasyon pou l bay yon plan ki fèt pou abouti a estabilizasyon ak rediksyon prim asirans pou fot pwofesyonèl pou founisè sèvis sa yo nan Florida.

(d) Frè reklamasyon blezi newolojik anrapò avèk nesans yo patikilyèman wo epi yo sèvi kòm rezon pou mete an plas yon sistèm konpansasyon limite edepandaman de fot la. Kesyon pou konnen si reklamasyon sa yo kouvri ak lwa sa a dwe detèmine sèlman nan yon pwosedi administratif.

(2) Entansyon Lejislati a se pou bay konpansasyon, sou yon baz san fot, pou yon kategori limite blezi katastwofik ki jeneraman lakòz frè wo pou swen debaz ak reyadaptasyon. Plan sa a dwe aplike sèlman pou blezi newolojik anrapò avèk nesans.

Istwa.—s. 60, ch. 88-1; s. 1, ch. 98-113.

766.302 Definisyon; ss. 766.301-766.316.—Jan yo itilize nan ss. 766.301-766.316, tèm nan:

(1) “Asosyasyon” an siyifi Asosyasyon Konpansasyon Blezi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Nan Florid ki etabli nan s. 766.315 pou administre Plan Konpansasyon Blezi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida ak plan operasyon ki etabli nan s. 766.314.

(2) “Blesi newolojik anrapò avèk nesans” siyifi blezi nan sèvo oswa nan mwal epinyè yon tibebe vivan ki peze omwen 2,500 gram pou yon jestasyon senp oswa, nan ka yon jestasyon miltip, yon tibebe vivan ki peze omwen 2,000 gram nan nesans akòz privasyon oksijèn oswa blezi mekanik ki rive nan dewoulman tranche, akouchman, oswa reanimasyon nan peryòd touswit apre akouchman an nan yon lopital, sa ki rann tibebe a andikape anpil mantalman ak fizikman an pèmanans.

Definisyon sa a dwe aplike pou nesans vivan sèlman epi li pa dwe gen ladan andikap oswa lanmò anomali jenetik oswa konjenital lakoz.

(3) “Demandè” siyifi nenpòt moun ki fè yon reklamasyon dapre s. 766.305 pou konpansasyon pou yon blezi newolojik anrapò avèk nesans yon tibebe. Nenpòt reprezantan legal ka fè yon reklamasyon nan non yon tibebe ki blese; epi, nan ka yon tibebe ki mouri, yon administratè, reprezantan pèsònèl oswa lòt reprezantan legal ka fè reklamasyon an pou li.

(4) “Jij dwa administratif” siyifi yon jij dwa administratif divizyon an nonmen.

(5) “Divizyon” siyifi Divizyon Odyans Administratif Depatman Sèvis Jesyon an.

(6) “Lopital” siyifi nenpòt lopital otorize nan Florida.

(7) “Doktè patisipan” siyifi yon doktè lisansye nan Eta Florida pou pratike medsin ki pratike obstetrik oswa ki fè sèvis obstetrik swa a plantan oswa a tan pasyèl epi ki te peye oswa te egzonore pou peman nan moman blezi a, kotizasyon ki nesèsè pou patisipasyon nan plan konpansasyon blezi newolojik anrapò avèk nesans pou ane kote blezi an te fèt la. Tèm sa a pap aplike pou okenn doktè ki pratike medsin kòm yon ofisyè, anlwaye oswa ajan Gouvènman Federal la.

(8) "Plan" siyifi Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida ki etabli dapre s. 766.303.

(9) "Manm fanmi" siyifi yon papa, manman, oswa yon responsab legal.

(10) "Swen rezidansyèl oswa swen debaz famiyal" siyifi swen asistan pwofesyonèl fòmè bay ki depase kad responsabilite swen patisipan yo, men se manm fanmi yo ki bay yo. Manm fanmi ki bay swen rezidansyèl oswa swen debaz ki pa pwofesyonèl yo pa ka jwenn konpansasyon dapre lwa sa a pou swen ki antre nan kad obligasyon swen ak lòt sèvis patisipan an manm fanmi yo bay yo nòmalman epi gratis. Swen rezidansyèl oswa swen debaz famiyal yo dwe fèt sèlman sou direksyon ak kontwòl yon doktè lè swen sa a nesèsè sou plan medikal. Yo dwe detèmine nan fason ki annapre la a frè rezonab pou depans pou swen rezidansyèl oswa swen debaz famiyal yon manm fanmi bay:

(a) Si manm fanmi an pap travay, valè pa èdtan an egal ak salè minimòm federal pa èdtan an.

(b) Si manm fanmi an ap travay epi li chwazi kite travay sa pou bay swen sa yo, valè swen sa pa èdtan dwe egal ak tarif Medicaid etabli pou sèvis gad prive yon èd sante lakay bay. Yon manm fanmi oswa yon konbinezon manm fanmi ki bay swen annakò avèk definisyon sa a pa ka jwenn konpansasyon pou plis pase yon total 10 èdtan pa jou. Swen famiyal la ranplase swen rezidansyèl oswa swen debaz pwofesyonèl, epi yo pa ka bay okenn swen rezidansyèl oswa swen debaz pwofesyonèl pou peryòd tan pandan jounen an yo bay swen famiyal yo.

(c) Atribisyon swen rezidansyèl oswa swen debaz famiyal jan li defini nan seksyon sa a pap gen ladan estimasyon aktyèl yo pou rezon s. 766.314(9)(c).

Istwa.—s. 61, ch. 88-1; s. 36, ch. 88-277; s. 16, ch. 91-46; s. 2, ch. 93-251; s. 307, ch. 96-410; s. 149, ch. 2001-277; s. 5, ch. 2002-401.766.303 Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida; aspè privilejye rekou.

(1) Gen yon Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Eta Florida nan objektif pou bay konpansasyon, endepandaman de fot la, pou reklamasyon blesi newolojik anrapò avèk nesans. Plan sa a ap aplike pou nesans ki fèt nan dat 1 Janvyè 1989 oswa apre, epi se Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida k ap administre l.

(2) Dwa ak rekou plan sa a akòde akòz yon blesi newolojik anrapò avèk nesans pral retire tout lòt dwa ak rekou tibebe sa, reprezantan pèsònèl li, paran li yo, depandan yo, ak paran ki pi pwòch li yo, nan dwa komen oswa otreman, kont nenpòt moun oswa antite ki enplike dirèkteman nan tranche, akouchman, oswa reanimasyon touswit apre akouchman blesi sa a te rive ladan l lan, ki soti nan oswa ki anrapò avèk yon reklamasyon neglijan medikal anrapò avèk blesi sa; sòf ke yon aksyon sivil pap eskli kote ki gen prèv klè ak konvenkan movèz fwa oswa objektif malveyan oswa neglijan volontè e ekstrèm dwa, sekirite, oswa pwopriyete moun, akondisyon pwosè sa a depoze anvan epi nan plas peman yon konpansasyon dapre ss. 766.301-766.316. Pwosè sa a dwe depoze anvan desizyon divizyon an vin definitiv ak gen fòs legal jan sa prevwa nan s. 766.311.

(3) Iminite souverèn anile la a nan non Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Nan Florida sèlman nan limit ki nesèsè pou asire peman konpansasyon jan sa prevwa nan s. 766.31.

(4) Asosyasyon an dwe administre plan an nan yon fason ki favorize ak pwoteje sante ak pi bon enterè timoun ki gen blesi newolojik anrapò avèk nesans lan.

Istwa.—s. 62, ch. 88-1; s. 37, ch. 88-277; s. 1, ch. 89-186; s. 1154, ch. 97-102; s. 74, ch. 2003-416; s. 2, ch. 2021-134.

766.304 Jij dwa administratif pou deside sou reklamasyon yo

Jij dwa administratif la dwe tande epi deside sou tout reklamasyon yo depoze dapre ss. 766.301-766.316 epi li dwe egzèse pouvwa ak otorite konplè yo akòde li nan chapit 120 an, jan sa nesèsè, pou akonpli objektif seksyon sa yo. Jij dwa administratif la gen konpetans eksklizif pou deside si yon reklamasyon ki depoze dapre lwa sa a ka jwenn konpansasyon. Yo pa kapab mennen okenn aksyon sivil jiskaske jij dwa administratif la rann desizyon yo dapre s. 766.309. Si jij dwa administratif la detèmine demandè a gen dwa ak yon konpansasyon nan men asosyasyon an, oswa si demandè a aksepte yon konpansasyon ki bay dapre s. 766.31, pa gen okenn aksyon sivil ki ka mennen oswa kontinye ki vyole dispozisyon esklizivite rekou ki nan s. 766.303. Si yo detèmine yon reklamasyon ki depoze dapre lwa sa a pa ka jwenn konpansasyon, ni doktrin preklizyon kolateral ni otorite afè ki jije pap entèdi demandè a pouwiv tout rekou sivil san eksepsyon ki disponib dapre dwa komen ak dwa ekri. Konstatasyon reyalite ak konklizyon dwa jij dwa administratif la pap admisib nan okenn pwosedi annapre; sepandan, temwayaj sou sèman nenpòt moun ak pyès ki prezante nan prèv afè administratif la akseptab kòm akizasyon nan nenpòt aksyon sivil annapre sèlman kont yon pati nan pwosedi administratif la, depann de Règ Prèv yo. Yo pa ka fè oswa peye yon konpansasyon dapre ss. 766.301-766.316 si demandè a jwenn konpansasyon nan yon antant oswa yon jijman final ki rann nan yon aksyon sivil.

Istwa.—s. 63, ch. 88-1; s. 17, ch. 91-46; s. 3, ch. 93-251; s. 308, ch. 96-410; s. 1803, ch. 97-102; s. 2, ch. 98-113; s. 90, ch. 99-3; s. 75, ch. 2003-416; s. 109, ch. 2013-18.

766.305 Depo reklamasyon ak repons; egzamen disiplinè medikal.

(1) Tout reklamasyon ki depoze pou konpansasyon dapre plan an dwe kòmanse lè demandè a depoze yon pètisyon pou mande konpansasyon nan divizyon an. Pètisyon sa a dwe gen ladan enfòmasyon ki annapre yo:

- (a) Non ak adrès reprezantan legal la ak rezon reprezantasyon li pou tibebe ki blese a.
- (b) Non ak adrès tibebe ki blese a.
- (c) Non ak adrès nenpòt doktè ki bay sèvis obstetrik ki te prezan nan nesans lan epi non ak adrès lopital kote nesans lan te fèt la.
- (d) Yon deskripsyon andikap y ap fè reklamasyon pou li a.
- (e) Lè ak kote blesi a te rive a.
- (f) Yon deklarasyon kout sou reyalite ak sikonstans blesi a epi ki lakòz reklamasyon an.

(2) Demandè a dwe bay divizyon an tout kantite kopi pètisyon an jan sa nesèsè pou sèvis nan asosyasyon an, nenpòt doktè ak lopital ki site nan pètisyon an, ak Divizyon Asirans Kalite Medikal la, ansanm ak yon frè depo \$15 y ap peye Divizyon Odyans Administratif la. Lè li resevwa pètisyon an, divizyon an dwe tousuit remèt ofisyèlman bay asosyasyon an, anpasan pa siyifikasyon bay ajan ki deziyen pou aksepte siyifikasyon an nan non asosyasyon an, pa kourye rekòmande oswa sètifye, epi li dwe poste kopi pètisyon an, pa kourye rekòmande oswa sètifye, bay nenpòt doktè, founisè swen sante, ak lopital ki nonmen nan pètisyon an, epi li dwe founi yon kopi pa kourye regilye bay Divizyon Asirans Kalite Medikal ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante a.

(3) Demandè a dwe bay Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò avèk Nesans nan Florida la enfòmasyon annapre la yo, ki dwe depoze nan asosyasyon an oplita nan 10 jou apre depo pètisyon an jan sa endike nan paragraf (1):

- (a) Tout dosye medikal aplikab ki disponib ki gen pou wè avèk blesi newolojik anrapò avèk nesans lan ak yon lis ki idantifye nenpòt dosye ki pa disponib demandè a konnen ak rezon ki fè dosye yo pa disponib.
- (b) Evalyasyon, Kotizasyon ak pwonostik apwopriye ak lòt dosye ak dokiman jan sa nesèsè yon fason rezonab pou detèmine montan konpansasyon yo dwe peye bay, oswa nan non, tibebe ki blese a akòz blesi newolojik anrapò avèk nesans lan.
- (c) Dokiman sou depans ak sèvis ki fèt jiskaprezan ki idantifye nenpòt peman ki fèt pou depans ak sèvis sa yo epi peyè a.
- (d) Dokiman sou nenpòt sous sèvis prive oswa gouvènmantal aplikab oswa ranbousman anrapò ak andikap yo.
- Enfòmasyon ki egzije nan paragraf (a)-(d) yo dwe rete konfidansyèl epi egzonore dapre dispozisyon s. 766.315(5)(b).
- (4) Asosyasyon an ap gen 45 jou apati dat siyifikasyon yon reklamasyon konplè, ki depoze dapre paragraf (1) ak (2), pou l depoze yon repons pou petisyon an epi pou l soumèt enfòmasyon itil alekri konsènan kesyon si blesi yo pretann nan se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans.
- (5) Lè yo resevwa petisyon sa a, Divizyon Asirans Kalite Medikal la dwe egzamine enfòmasyon ki ladan l epi detèmine si sa te konsène yon konduit yon doktè lisansye dapre chapit 458 oswa yon doktè osteyopat lisansye dapre chapit 459 ki depann de aksyon disiplinè, kote nan ka dispozisyon yo ki nan s. 456.073 ap aplike.
- (6) Lè li resevwa petisyon sa, Ajans pou Administrasyon Swen Sante a ap mennen ankèt sou reklamasyon an, epi si li detèmine blesi a te rive akòz, oswa te agrave ak, yon vyolasyon devwa yon lopital ki vyole chapit 395 lan, li dwe pran nenpòt dispozisyon ki konfòm avèk otorite disiplinè li a jan ta ka apwopriye.
- (7) Nenpòt reklamasyon asosyasyon an detèmine ki kapab jwenn konpansasyon ka aksepte pou konpansasyon, akondisyon jij dwa administratif yo konfye reklamasyon pou konpansasyon an apwouve akseptasyon an.

Istwa.—s. 64, ch. 88-1; s. 2, ch. 89-186; s. 18, ch. 91-46; s. 4, ch. 93-251; s. 1, ch. 94-106; s. 309, ch. 96-410; s. 1804, ch. 97-102; s. 165, ch. 98-166; s. 287, ch. 99-8; s. 226, ch. 2000-160; s. 115, ch. 2002-1; s. 76, ch. 2003-416.

766.306 Estopaj delè limit.

Delè limit an parapò ak nenpòt aksyon sivil ki ka mennen pa, oswa nan non, yon tibebe blese yo ta pretann ki rive akòz, oswa ki gen pou wè ak, yon blesi newolojik anrapò avèk nesans ap estope ak depo yon reklamasyon annakò ak ss. 766.301-766.316, epi tan reklamasyon sa a annatant oswa nan apèl pa pral kalkile kòm yon pati nan peryòd kote yo ka mennen aksyon sivil sa.

Istwa.—s. 65, ch. 88-1.

766.307 Odyans; pati yo; dekouvèt.

(1) Jij dwa administratif la dwe fikse dat pou yon odyans ki pa mwens pase 60 jou epi ki pa plis pase 120 jou apre yon demandè depoze yon petisyon an konfòmite ak s. 766.305. Jij dwa administratif la dwe enfòmè pati yo imedyatman konsènan lè ak lokal odyans sa a, ki pral òganize nan konte kote blesi a te fèt la sòf si pati yo antann yo otreman epi divizyon an otorize sa.

(2) Pati yo nan odyans lan dwe gen ladan demandè a ak asosyasyon an.

(3) Nenpòt pati nan yon pwosedi dapre ss. 766.301-766.316 kapab, sou demann jij dwa administratif la ki konstate enpòtans prèv ki dwe bay, remèt ofisyèlman entèwogatwa oswa fè pran depozisyon temwen ki abite nan oswa deyò Eta a, yo dwe takse depans sa yo kòm depans ki fèt anrapò ak depoze yon reklamasyon. Depozisyon sa yo dwe fèt apre yo fin bay yon avi ak nan fason ki preskri a pou pran depozisyon yo nan zafè aksyon lajistis, sòfke yo dwe adrese bay jij dwa administratif la, se devan l pwosedi yo ka annatant lan.

Istwa.—s. 66, ch. 88-1; s. 19, ch. 91-46; s. 2, ch. 94-106; s. 310, ch. 96-410.

766.309 Detèminasyon reklamasyon yo; sipozisyon; konklizyon jij dwa administratif la gen fòs legal sou patisipan yo.

(1) Jij dwa administratif la dwe pran desizyon ki annapre yo sou baz tout prèv ki disponib:

(a) Si blesi ki deklare a se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans. Si demandè a te demontre, nan fason ki satisfè jij dwa administratif la, ke tibebe a te sibi yon blesi nan sèvo oswa yon blesi nan mwal epinyè akòz mank oksijèn oswa blesi mekanik e ke tibebe a te sibi konsa yon gwo defisyans mantal ak fizik an pèmanans, yon demann refitab ka sipoze ke blesi a se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans jan sa defini nan s. 766.302(2).

(b) Si sèvis obstetrik yo te bay pa yon doktè patisipan nan dewoulman tranche, akouchman, oswa reanimasyon nan peryòd touswit apre akouchman an nan yon lopital; oswa pa yon enfimiyè sètifye, fanmsaj sètifye nan yon lopital fòmasyon sipèvize pa yon doktè patisipan nan dewoulman tranche, akouchman, oswa reanimasyon nan peryòd touswit apre akouchman nan yon lopital. (c) Konbyen konpansasyon, si genyen, yo ka akòde dapre s. 766.31.

(d) Kesyon asavwa si demandè a oswa lòt pati yo te soulve yo, desizyon reyèl konsènan egzijans avi ki prevwa nan s. 766.316 yo satisfè. Jij dwa administratif la gen konpetans esklizif pou fè detèminasyon reyèl sa yo.

(2) Si jij dwa administratif la detèmine blesi yo pretann nan se pa yon blesi newolojik anrapò avèk nesans oswa si yon doktè patisipan pa te bay sèvis obstetrisyen nan moman akouchman an, li dwe rann yon òdonans epi l ap fè voye yon kopi òdonans sa a imedyatman bay pati yo nan kourye rekòmande oswa sètifye.

(3) Lè yon doktè vin yon doktè patisipan, yon doktè ap lye pou tout rezon dapre konklizyon jij dwa administratif la oswa nenpòt apèl kont li konsènan si blesi sa se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans.

(4) Si se nan enterè ekonomi jidisyè oswa si demandè a mande l, jij dwa administratif la ka divize pwosedi ki abòde konpansasyon ak avi a dapre s. 766.316 toudabò, epi abòde yon konpansasyon dapre s. 766.31, si genyen, nan yon pwosedi apa. Jij dwa administratif la ka bay yon òdonans final sou konpansasyon ak avi ki ka sibi apèl dapre s. 766.311, anvan yo bay yon konpansasyon dapre s. 766.31.

Istwa.—s. 68, ch. 88-1; s. 4, ch. 89-186; s. 21, ch. 91-46; s. 3, ch. 94-106; s. 312, ch. 96-410; s. 1805, ch. 97-102; s. 77, ch. 2003-416; s. 1, ch. 2006-8.

766.31 Konpansasyon jij dwa administratif pou blesi newolojik anrapò avèk nesans; avi konpansasyon.

1) Jij dwa administratif la dwe pran desizyon ki annapre la yo sou baz tout prèv ki disponib:

(a) Si blesi ki deklare a se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans. Si demandè a te demontre, nan fason ki satisfè jij dwa administratif la, ke tibebe a te sibi yon blesi nan sèvo oswa yon blesi nan mwal epinyè akòz mank oksijèn oswa blesi mekanik e ke tibebe a te sibi konsa yon gwo defisyans mantal ak fizik an pèmanans, yon demann refitab ka sipoze ke blesi a se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans jan sa defini nan s. 766.302(2).

(b) Si sèvis obstetrik yo te bay pa yon doktè patisipan nan dewoulman tranche, akouchman, oswa reanimasyon nan peryòd touswit apre akouchman an nan yon lopital; oswa pa yon enfimyè/enfimyè sètifye fanmsaj sètifye nan yon lopital fòmasyon sipèvize pa yon doktè patisipan nan dewoulman tranche, akouchman, oswa reanimasyon nan peryòd touswit apre akouchman nan yon lopital.

(c) Konbyen konpansasyon, si genyen, yo ka akòde dapre s. 766.31.

(d) Kesyon konsènan si demandè a oswa lòt pati yo te souleve yo, desizyon reyèl konsènan egzijans avi ki prevwa nan s. 766.316 yo satisfè. Jij dwa administratif la gen konpetans esklizif pou fè detèminasyon reyèl sa yo.

(2) Si jij dwa administratif la detèmine blesi yo pretann nan se pa yon blesi newolojik anrapò avèk nesans oswa si yon doktè patisipan pa te bay sèvis obstetrisyen nan moman akouchman an, li dwe rann yon òdonans epi l ap fè voye yon kopi òdonans sa a imedyatman bay pati yo nan kourye rekòmande oswa sètifye.

(3) Lè yon doktè vin yon doktè patisipan, yon doktè ap lye pou tout rezon dapre konklizyon jij dwa administratif la oswa nenpòt apèl kont li konsènan si blesi sa se yon blesi newolojik anrapò avèk nesans. (4) Si se nan enterè ekonomi jidisyè oswa si demandè a mande l, jij dwa administratif la ka divize pwosedi a pou abòde konpansasyon ak avi dapre s. 766.316 toudabò, epi abòde yon konpansasyon dapre s. 766.31, si genyen, nan yon pwosedi apa. Jij dwa administratif la ka bay yon òdonans final sou konpansasyon ak avi ki ka sibi apèl dapre s. 766.311, anvan yo bay yon konpansasyon dapre s. 766.31.

Istwa.—s. 68, ch. 88-1; s. 4, ch. 89-186; s. 21, ch. 91-46; s. 3, ch. 94-106; s. 312, ch. 96-410; s. 1805, ch. 97-102; s. 77, ch. 2003-416; s. 1, ch. 2006-8.

1766.31 Konpansasyon jij dwa administratif pou blesi newolojik anrapò avèk nesans; avi konpansasyon.

(1) Lè yo detèmine yon tibebe te soufri yon blesi newolojik anrapò avèk nesans epi yon doktè patisipan te bay sèvis obstetrik yo nan nesans lan, jij dwa administratif la dwe pran yon desizyon ki bay konpansasyon pou eleman ki annapre yo anrapò ak blesi sa:

(a) Depans reyèl pou swen medikal ak swen lopital ki nesèsè sou plan medikal epi ki rezonab, swen ak fòmasyon abilitatif, swen rezidansyèl oswa swen debaz famiyal, swen pwofesyonèl rezidansyèl, ak swen ak sèvis debaz, pou medikaman ki nesèsè sou plan medikal, ekipman espesyal, ak etablisman, ak pou vwayaj ki asosye.

Omwèn, yo dwe bay konpansasyon pou depans reyèl sa yo:

1. Yon avantaj anyèl total jiska \$10,000 pou manm fanmi pwòch ki abite ak tibebe a pou sèvis sikoterapi yo pran nan men founisè lisansye dapre chapit 490 oswa chapit 491.

2. Pou lavi patisipan an, bay paran yo oswa responsab legal yo yon mwayen transpò fyab pou pran swen patisipan an oswa ranbouse depans pou amelyore yon veyikil ki egziste deja pou reponn ak bezwen patisipan an lè li vin nesèsè sou plan medikal pou transpò nan chèz woulant. Mòd transpò a dwe pran an konsiderasyon aranjman espesyal ki nesèsè pou patisipan sa presizeman. Plan an pa ka limite èd pou transpò sa sou baz laj oswa pwa patisipan an. Plan an dwe ranplase nenpòt kamyonèt plan an achte chak 7 ane oswa apre 150,000 miles, selon sa ki rive anvan an.

3. Èd lojman jiska \$100,000 pou lavi patisipan an, sa gen ladan frè pou konstriksyon ak pou amenajman kay.

(b) Sepandan, depans ki annapre yo pa kalifye pou konpansasyon:

1. Depans pou atik oswa sèvis tibebe a te resevwa, oswa li gen dwa pou l resevwa, dapre lwa nenpòt Eta oswa Gouvènman Federal la, eksepte nan limit lwa federal ka entèdi esklizyon sa.

2. Depans pou atik oswa sèvis tibebe a te resevwa, oswa ke li gen dwa pou l resevwa dapre kontra, nan nenpòt plan sante prepeye, òganizasyon mentnans sante, oswa lòt antite asirans prive.

3. Depans tibebe a te resevwa ranbousman pou yo, oswa tibebe a gen dwa pou l resevwa ranbousman pou yo, dapre lwa nenpòt Eta oswa Gouvènman Federal la, eksepte nan limit lwa federal ka entèdi esklizyon sa.

4. Depans pou tibebe a te resevwa ranbousman pou yo, oswa tibebe a gen dwa pou l resevwa ranbousman pou yo selon kontra, dapre dispozisyon nenpòt kontra asirans sante oswa maladi oswa lòt pwogram asirans prive.

(c) Depans ki genyen nan paragraf (a) limite ak frè rezonab ki anvigè nan menm kominote a pou tretman ki menm pou moun blese lè moun ki blese a peye pou tretman an. Paran yo oswa responsab legal k ap resevwa avantaj nan plan an kapab depoze yon petisyon nan Divizyon Odyans Administratif yo pou diskite sou montan depans reyèl yo ranbouse oswa yon refi ranbousman.(d)1.a. Peman peryodik yon endamnite bay paran oswa responsab legal tibebe yo te jwenn ki te sibi yon blese newolojik anrapò avèk nesans, epi endamnite sa pa ka depase \$100,000. Sepandan, dapre libète desizyon jij dwa administratif la, yo ka bay endamnite sa nan yon sèl vèsman. Apati 1 Janvyè 2021, endamnite a pa ka depase \$250,000, epi chak 1 Janvyè apre sa, endamnite maksimòm ki otorize dapre paragraf sa a ap ogmante de 3 pousan.

b. Paran oswa responsab legal ki te resevwa yon endamnite dapre seksyon sa a anvan 1 Janvyè 2021, epi ki gen patisipan k ap resevwa avantaj nan plan an kounye a dwe resevwa yon peman pou peryòd pase nan yon montan ki sifi pou fè endamnite total yo peye bay paran oswa responsab legal yo dapre sou-paragraf a. rive jiska \$250,000. Peman siplemantè sa a ka fèt nan yon sèl vèsman oswa nan peman peryodik jan paran yo oswa responsab legal yo deziyen epi yo dwe peye anvan 1 jiyè 2021.

2.a. Alokasyon lanmò pou tibebe a nan yon montan \$50,000.

b. Paran oswa responsab legal ki te resevwa yon endamnite dapre seksyon sa a, epi ki gen patisipan yo ki mouri depi kòmansman pwogram nan dwe resevwa yon peman pou peryòd pase nan yon montan ki sifi pou fè endamnite total yo peye bay paran oswa responsab legal yo dapre sou-paragraf a. rive jiska \$50,000. Peman siplemantè sa a ka fèt nan yon sèl vèsman oswa nan peman peryodik jan paran yo oswa responsab legal yo deziyen epi yo dwe peye anvan 1 jiyè 2021.

(e) Depans rezonab ki fèt anrapò ak depo yon reklamasyon dapre ss. 766.301-766.316, sa gen ladan frè rezonab pou avoka, ki dwe depann de apwobasyon ak desizyon jij dwa administratif la. Nan detèmine yon endamnite pou frè avoka, jij dwa administratif la dwe konsidere faktè ki annapre yo:

1. Tan ak travay ki nesèsè yo, nouvote ak difikilte kesyon ki enplike yo, ak Konpetans ki nesèsè pou fè sèvis legal yo kòrèkteman.
2. Frè yo chaje jeneralman nan lokalite a pou sèvis legal menm jan.
3. Limit tan demandè a oswa sikonstans yo enpoze.
4. Nati ak longè relasyon pwofesyonèl avèk demandè a.
5. Eksperyans, repitasyon, ak kapasite avoka a oswa avoka yo k ap fè sèvis yo.
6. Ensètitud oswa sètitud yon frè.

Si ta gen yon desizyon final pou konpansabilite, epi demandè yo aksepte yon endamnite dapre seksyon sa a, demandè yo pap responsab pou okenn depans, sa gen ladan frè avoka, ki fèt anrapò ak depo yon reklamasyon dapre ss. 766.301-766.316 eksepte depans sa yo ki akòde dapre seksyon sa a.

(2) Atribisyon an pral egzije peman imedya depans yo te fè anvan epi li pral mande pou peye depans alavni yo ofiramezi yo fèt.

(3) Yo dwe voye yon kopi atribisyon an imedyatman pa kourye rekòmande oswa sètifye bay chak moun ki resevwa ofisyèlman yon kopi petisyon an dapre s. 766.305(2).

Istwa.—s. 69, ch. 88-1; s. 5, ch. 89-186; s. 22, ch. 91-46; s. 4, ch. 94-106; s. 313, ch. 96-410; s. 150, ch. 2001- 277; s. 6, ch. 2002-401; s. 78, ch. 2003-416; s. 3, ch. 2021-134.766.311 Aspè definitif desizyon oswa atribisyon; apèl.

(1) Yon desizyon jij dwa administratif la sou kalifikasyon reklamasyon an pou rezon konpansabilite dapre s. 766.309 oswa yon atribisyon jij dwa administratif la dapre s. 766.31 pral definitif ak obligatwa pou tout kesyon reyalite yo. Revizyon yon òdonans yon jij dwa administratif dwe fèt ak apèl devan Koudapèl Distri a. Apèl yo dwe depoze annakò ak règ pwosedi Lakou Siprèm lan preskri pou egzamine òdonans sa yo.

(2) Sizoka gen yon apèl kont yon atribisyon jij dwa administratif la, apèl la pral fonksyone kòm yon sispansyon atribisyon an, epi asosyasyon an pap oblije fè peman endamnite ki enplike nan apèl la jiskaske kesyon ki konsène ladan l yo detèmine konplètman.

Istwa.—s. 70, ch. 88-1; s. 23, ch. 91-46; s. 6, ch. 93-251; s. 314, ch. 96-410.

766.312 Egzekisyon desizyon yo.

(1) Jij dwa administratif la dwe gen tout otorite pou fè respekte desizyon li yo epi pou pwoteje tèt li kont nenpòt twonpri oswa mank koperasyon pou rive nan desizyon li kòm pou nenpòt desizyon. Otorite sa a dwe gen ladan yo pouvwa pou mande tribinal sikwi a yon òdonans pou mepri.

(2) Si sikonstans yo jistifye sa, yon pati ka mande tribinal sikwi a pou fè respekte yon desizyon final jij dwa administratif la.

Istwa.—s. 71, ch. 88-1; s. 24, ch. 91-46; s. 5, ch. 94-106; s. 315, ch. 96-410; s. 1806, ch. 97-102.

766.313 Limitasyon sou reklamasyon.

Nenpòt reklamasyon pou konpansasyon dapre ss. 766.301-766.316 ki depoze plis pase 5 ane apre nesans yon tibebe yo pretann ki gen yon blesi newolojik anrapò avèk nesans pral entèdi.

Istwa.—s. 72, ch. 88-1; s. 38, ch. 88-277; s. 1, ch. 93-251.

766.314 Kotizasyon; plan operasyon.

(1) Kotizasyon yo ki tabli dapre seksyon sa a dwe itilize pou finanse Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida.

(2) Kotizasyon ak afektasyon lajan ki dedye pou plan an dwe administre pa Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida ki Etabli nan s. 766.315, annakò ak egzijans ki annapre yo:

(a) Nan dat 1 Jiyè 1988 oswa anvan, direktè asosyasyon an dwe soumèt bay Depatman Asirans 1 pou egzamine yon plan operasyon ki dwe founi jesyon efikas plan an ak pou tretman rapid reklamasyon kont ak endamnite ki fèt nan non plan an.

Plan operasyon an dwe genyen dispozisyon pou:

1. Etablisman enstalasyon ki nesèsè yo;

2. Jesyon lajan yo kolekte nan non plan an;

3. Tretman reklamasyon kont plan an;

4. Kotizasyon moun ak antite ki endike nan paragraf (4) ak (5) pou peye endamnite ak depans, epi kotizasyon sa yo dwe sou yon bon baz aktwaryèl, depann de limit ki endike nan paragraf (4) ak (5); epi

5. Nenpòt lòt afè ki nesèsè pou fonksyonman efikas Plan konpansasyon blesi newolojik anrapò avèk nesans lan.

(b) Direktè plan an ka fè amannman nan plan operasyon an, depann de apwobasyon Biwo Règlemantasyon Asirans Komisyon Sèvis Finansye a.

(3) Tout kotizasyon yo dwe depoze nan Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Nan Florida. Lajan asosyasyon an kolekte ak nenpòt revni ki soti nan lajan an dwe debouse sèlman pou peman endamnite dapre ss. 766.301-766.316 ak pou peman frè rezonab pou administre plan an.

(4) Moun ak antite annapre la yo dwe peye bay asosyasyon an yon kotizasyon inisyal annakò ak plan operasyon an:

(a) Nan dat 1 Oktòb 1988 oswa anvan, chak lopital lisansye dapre chapit 395 dwe peye yon kotizasyon inisyal \$50 pou chak tibebe yo akouche nan lopital la pandan ane sivil anvan an, jan sa rapòte bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante a; akondisyon sepandan, ke yon lopital ki posede oswa opere pa Eta a oswa pa yon konte, distri espesyal taks, oswa lòt soudivizyon politik nan Eta a pap oblije peye kotizasyon inisyal la oswa nenpòt kotizasyon sou-seksyon (5) lan egzije. Tèm "tibebe yo akouche" a gen ladan nesans vivan epi non pa tibebe ki fèt tou mouri, men tèm lan pa gen ladan tibebe anplwaye oswa ajan nan konsèy administrasyon yon inivèsite leta akouche, sa yo ki fèt nan yon lopital inivèsite jan sa defini nan s. 408.07, 2 oswa sa yo ki fèt nan yon lopital inivèsite jan sa defini nan s. 395.806 ke asosyasyon an konsidere kòm egzonore de evalyasyon depi ane fiskal 1997 jiska ane fiskal 2001. Evalyasyon inisyal la ak nenpòt evalyasyon ki enpoze dapre sou-seksyon (5) pa ka gen ladan okenn tibebe yon pasyan ki jwenn swen gratis fè (jan sa defini nan règ Ajans pou Administrasyon Swen Sante a) oswa ki fèt de yon pasyan lopital la resevwa ranbousman Medicaid pou li, si sòm frè anyèl yo pou pasyan ki jwenn swen gratis la ak kontra Medicaid anyèl lopital la depase 10 pousan total revni explatasyon brit anyèl lopital la. Lopital la responsab pou dokimante, pou satisfaksyon asosyasyon an, esklizyon nenpòt nesans nan kalkil evalyasyon an. Lè yon lopital demontre bezwen finansye, asosyasyon an ka bay peman vèsman pou evalyasyon yo.

(b) 1. Nan dat 15 Oktòb 1988 oswa anvan, tout doktè lisansye dapre chapit 458 oswa chapit 459 apati 1 Oktòb 1988, ki pa doktè patisipan, dwe evalye yon evalyasyon inisyal \$250, ki dwe peye pa pita pase 1 Desanm 1988.

2. Nenpòt doktè konsa ki vin lisansye apre 30 Septanm 1988, ak anvan 1 Janvyè 1989, dwe peye bay asosyasyon an yon evalyasyon inisyal \$250 nan moman lisans lan.

3. Nenpòt doktè ki vin lisansye nan dat 1 Janvyè 1989 oswa apre, dwe peye yon evalyasyon inisyal ki egal ak dènye evalyasyon ki fèt dapre paragraf sa a, paragraf (5) (a), oswa paragraf (7)(b).

4. Sepandan, si doktè a se yon doktè ki presize nan souparagraf sa a, evalyasyon an pa aplikab:

a. Yon doktè rezidan, asistan doktè rezidan, oswa yon estajyè nan yon pwogram fòmasyon apwouve apre doktora, jan Konsèy Medsin oswa Konsèy Medsin Osteyopatik la defini dapre règ;

b. Yon doktè retirete ki te retire tèt li nan pratik medsin men ki kenbe yon lisans aktif jan sa pwouve ak yon afidavit ki depoze nan Depatman Sante a. Anvan li tounen antre nan pratik medsin nan Eta sa a, yon doktè retirete jan sa defini nan dokiman sa dwe enfòmè Konsèy Medsin oswa Konsèy Medsin Osteyopatik la epi peye evalyasyon apwopriye yo dapre seksyon sa a;

c. Yon doktè ki gen yon lisans limite dapre s. 458.317 epi ki moun ki pa resevwa konpansasyon pou sèvis medikal yo;

d. Yon doktè ki anplwaye a plentan nan Depatman Afè Veteran Etazini epi pratik li limite nan lopital Depatman Afè Veteran Etazini; oswa e. Yon doktè ki se yon manm Fòs Lame Etazini epi ki satisfè egzijans ki nan s. 456.024.

f. Yon doktè ki anplwaye a plentan nan Eta Florida epi pratik li limite sèlman nan enstitisyon koreksyonèl leta posede, yon depatman sante konte, oswa etablisman sante mantal oswa etablisman sèvis devlopman leta posede, oswa ki anplwaye a plentan nan Depatman Sante a.

(c) Nan dat 1 Desanm 1988 oswa anvan, chak doktè lisansye dapre chapit 458 oswa chapit 459 ki vle patisipe nan Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida epi ki kalifye otreman kòm yon doktè patisipan dapre ss. 766.301-766.316 dwe peye yon kotizasyon inisyal ki nan \$5,000. Sepandan, si doktè a se yon doktè rezidan, asistan doktè rezidan, oswa yon estajyè nan yon pwogram fòmasyon apwouve apre doktora, jan Konsèy Medsin oswa Konsèy Medsin Osteyopatik lan defini dapre règ, epi li sipèvize annakò ak egzijans pwogram ki etabli pa Konsèy Akreditasyon pou Fòmasyon Medikal Siperyè oswa Asosyasyon Osteyopatik Ameriken an pa yon doktè patisipan nan plan an, doktè rezidan, asistan doktè rezidan, oswa estajyè sa konsidere kòm yon doktè patisipan san peman kotizasyon an. Doktè patisipan yo gen ladan tou nenpòt anplwaye nan konsèy administrasyon yon inivèsite leta ki te peye kotizasyon paragraf sa a ak paragraf (5)(a) egzije a, ak nenpòt enfimyè sètifye, fanmsaj anplwaye sa sipèvize. Doktè patisipan yo gen ladan nenpòt enfimyè sètifye, fanmsaj ki te peye 50 pousan kotizasyon doktè paragraf sa a ak paragraf (5)(a) egzije a epi ki sipèvize pa yon doktè patisipan ki te peye kotizasyon ke paragraf sa a ak paragraf (5)(a) egzije. Sipèvizyon pou enfimyè fanmsaj yo dwe egzije doktè ki sipèvize a disponib fasilman epi li gen yon plan tretman alavans pou pwoblèm pasyan byen presi ke enfimyè fanmsaj sètifye ki sipèvize a ka aplike san okenn konplikasyon. Nenpòt doktè ki chwazi pou patisipe nan plan sa nan dat 1 Janvyè 1989 oswa apre, ki pa t yon doktè patisipan nan moman chwa sa pou patisipe a epi ki kalifye otreman kòm yon doktè patisipan dapre ss. 766.301-766.316 dwe peye yon kotizasyon inisyal sipleman ki egal ak dènye kotizasyon ki fèt dapre paragraf sa a, paragraf (5)(a), oswa paragraf (7)(b).

(d) Nenpòt lopital ki nan yon konte ki gen yon popilasyon ki depase 1.1 milyon apati 1 Janvyè 2003, jan Ajans pou Administrasyon Swen Sante te detèmine sa dapre Lwa sou Responsablite Swen Sante a, ka chwazi pou peye frè pou doktè patisipan an ak enfimyè fanmsaj sètifye a si lopital la detèmine objektif prensipal ki motive pou fè peman sa se pou asire kouvèti pou pasyan lopital la dapre dispozisyon ki nan ss. 766.301- 766.316; sepandan, okenn lopital pa ka anpeche dirèkteman oswa endirèkteman okenn doktè oswa enfimyè fanmsaj patisipan fè pati estaf lopital andeyò estaf lopital ki fè peman an. Chak lopital dwe depoze nan asosyasyon an yon afidavit ki endike prezizeman rezon ki fè lopital la te chwazi fè peman an nan non chak doktè patisipan ak enfimyè fanmsaj sètifye. Peman yo ki otorize dapre paragraf sa a dwe ajoute sou evalyasyon ki endike nan paragraf (5)(a).

(5)(a) Apati 1 Janvyè 1990, moun ak antite ki endike nan paragraf (4)(b) ak (c), eksepte moun oswa antite ki eskli prezizeman nan dispozisyon sa yo, apati dat ki detèmine annakò ak plan operasyon an, ki pran an konsiderasyon moun lisansye apre peman kotizasyon inisyal la, dwe peye yon kotizasyon anyèl nan montan ki egal ak evalyasyon inisyal yo ki prevwa nan paragraf (4)(b) ak (c). Si asosyasyon an resevwa peman kotizasyon anyèl la yon doktè anvan 31 Janvyè nenpòt ane sivil, doktè a ap kalifye kòm yon doktè patisipan pou tout ane sivil sa. Si yo resevwa peman an apre 31 Janvyè nan nenpòt ane sivil, doktè a ap kalifye kòm yon doktè patisipan pou ane sivil sa sèlman apati dat asosyasyon an te resevwa peman an.

Nan dat 1 Janvyè 1991, ak chak 1 Janvyè apre sa, asosyasyon an dwe detèmine montan kotizasyon siplemantè ki nesèsè dapre paragraf (7) la, nan fason plan operasyon an egzije, depann de nenpòt ogmantasyon ke 3Biwo Règlemantasyon Asirans lan detèmine ki nesèsè dapre paragraf (7)(b). Nan dat 1 Jiyè 1991, ak chak 1 Jiyè apre sa, moun ak antite ki endike paragraf (4)(b) ak (c), eksepte moun oswa antite sa yo ki eskli presizeman nan dispozisyon sa yo, dwe peye kotizasyon siplemantè yo ke yo te detèmine nan dat 1 Janvyè. Apati 1 Janvyè 1990, antite ki endike nan paragraf (4)(a), sa gen ladan sa yo ki lisansye nan dat 1 Oktòb 1988 oswa apre, dwe peye yon kotizasyon anyèl \$50 pou chak tibebe ki akouche pandan ane sivil anvan an. Kotizasyon siplemantè ke yo te detèmine nan dat 1 Janvyè 1991, dapre dispozisyon ki nan paragraf (7) la pap dwe ak peyab pa antite ki endike paragraf (4)(a) jiska 1 Jiyè.

(b) Si kotizasyon yo kolekte dapre sou-seksyon (4) ak afektasyon fon ki prevwa dapre s. 76, chapit 88-1 nan Lwa Florida yo, nan vèsyon amande li a pa s. 41, chapit 88-277 nan Lwa Florida yo, bay plan an nan Fon afektasyon Espesyal Règlemantasyon Asirans lan pa sifi pou kenbe plan an sou yon bon baz aktyaryèl, li afekte nan sityasyon sa pou transfere bay asosyasyon an nan Fon afektasyon Espesyal Règlemantasyon Asirans yo yon montan anplis jiska \$20 milyon.

(c) 1. Kont teni de kotizasyon yo kolekte dapre paragraf (4) ak afektasyon nan Fon afektasyon Espesyal Règlemantasyon Asirans yo, si li nesèsè pou kenbe plan an sou yon bon baz aktyaryèl, Biwo Règlemantasyon Asirans lan pral egzije pou chak antite lisansye emèt yon asirans aksidan jan sa defini nan s. 624.605(1)(b), (k), ak (q) pou peye nan asosyasyon an yon kotizasyon anyèl nan yon montan biwo a detèmine dapre paragraf (7)(a), nan fason plan operasyon an egzije.

2. Tout kotizasyon anyèl yo dwe fèt sou baz prim dirèk nèt souskri pou aktivite biznis la ki fòme baz pou enklizyon chak nan antite sa yo kòm yon sous finansman pou plan an nan Eta a pandan ane anvan an ki fini 31 Desanm, jan yo rapòte sa bay Biwo Règlemantasyon Asirans yo, epi yo dwe nan pwopòsyon ke prim dirèk nèt souskri chak konpayi asirans akòz aktivite biznis ki fòme baz enklizyon li nan plan an pote sou prim dirèk nèt global yo pou tout aktivite biznis sa yo ki souskri nan Eta sa a pa tout antite sa yo.

3. Okenn antite ki endike nan paragraf sa a pap responsab endividyèlman pou yon kotizasyon anyèl ki depase 0.25 pousan prim dirèk nèt antite sa a souskri.

4. Konpayi asirans blesi yo pral gen dwa rekipere evalyasyon inisyalye yo ak kotizasyon anyèl yo pa mwayen yon siplemant sou kontra alavni yo, yon ogmantasyon tarif ki aplikab pi devan, oswa yon konbinezon de yo.

(6)(a) Asosyasyon an dwe fè tout kotizasyon ki egzije nan seksyon sa a, alesepsyon kotizasyon inisyalye doktè lisansye nan dat 1 Oktòb 1988 oswa apre, Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl pral fè kotizasyon sa yo, epi eksepte kotizasyon aksidan konpayi asirans dapre paragraf (5)(c)1., ki se kotizasyon Biwo Règlemantasyon Asirans pral fè. Apati 1 Oktòb 1989, pou nenpòt doktè lisansye ant 1 Oktòb ak 31 Desanm nenpòt ane, Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl dwe fè kotizasyon inisyalye anplis de kotizasyon an pou ane sivil annapre a. Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl la dwe bay asosyasyon an, ak frekans yo detèmine ki nesèsè yo, yon lis, sou yon fòm ki ka li sou odinatè, non ak adrès tout doktè lisansye dapre chapit 458 oswa chapit 459.

(b) 1. Asosyasyon an ka enpoze kòlèk kotizasyon ki dwe peye dapre ss. 766.301-766.316 pa mwayen pwosè ki depoze nan tribinal konte a. Asosyasyon an ap gen dwa pou resevwa yon atribisyon pou frè avoka, depans, ak enterè lè yo rann yon jijman kont yon doktè ki pa peye kotizasyon sa, ak enterè ki akimile jiskaske peman an fèt. Malgre dispozisyon ki nan chapit 47 ak 48 yo, asosyasyon an ka depoze yon plent swa nan konte Leon oswa konte rezidans defandè a.

2. Lè asosyasyon an enfòme Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl, yo poko peye yon kotizasyon e gen yon jijman ki pa satisfè kont yon doktè, li pa dwe renouvle okenn lisans pou doktè sa pratike ki emèt dapre chapit 458 oswa chapit 459 jiska tan kote jijman an satisfè okonplè.

(c) Lè asosyasyon an enfòme Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, yon kotizasyon pa t peye a lè, ajans lan swe enpoze koleksyon kotizasyon sa yo lopital yo dwe peye dapre ss. 766.301-766.316. Mankman yon lopital pou peye

kotizasyon sa reprezante motif pou aksyon disiplinè dapre s. 395.1065 malgre nenpòt dispozisyon legal kontrè.

(7)(a) Biwo Règlemantasyon Asirans yo dwe antreprann yon ankèt aktyaryèl sou egzjans plan an ki baze sou eksperyans plan an nan premye ane fonksyonman an ak nenpòt lòt enfòmasyon siplemanntè aplikab, ki konsène tou san limitasyon byen ak responsablite plan an.

Dapre ankèt sa a, Biwo Règlemantasyon Asirans dwe eetabli tarif kontribisyon antite ki endike nan paragaf (5)(c) pou ane fiskal ki kòmanse 1 Janvyè 1990 la. Apre evalyasyon inisyèl la, Biwo Règlemantasyon Asirans ap fè reyalize yon evalyasyon aktyaryèl byen ak responsablite plan an, ki pa fèt mwens souvan ke chak dezan. Dapre rezilta evalyasyon sa yo, Biwo Règlemantasyon Asirans ap prepare yon deklarasyon sou tarif kontribisyon ki aplikab pou antite ki endike nan paragaf (5)(c). Sepandan, nan okenn moman tarif la pa dwe plis pase 0.25 pousan prim dirèk nèt ki souskri yo.

(b) Si Biwo Règlemantasyon Asirans yo konstate plan an pa kapab kenbe sou yon bon baz aktyaryèl baze sou kotizasyon ak fon ki endike nan paragaf (4) ak (5), biwo a dwe ogmante kotizasyon ki presize nan sou-seksyon (4) lan sou yon baz pwopòsyonèl jan sa nesèsè.

(8) Asosyasyon an dwe rapòte bay Lejislati a desizyon li sou pri anyèl pou kenbe fon an sou yon bon baz aktyaryèl. Nan pran desizyon li, asosyasyon an dwe konsidere rekòmandasyon tout lopital, doktè, konpayi asirans plizyè risk, avoka, konsomatè, ak nenpòt asosyasyon ki reprezante nenpòt moun oswa antite sa yo. Malgre dispozisyon ki nan s. 395.3025, tout lopital, konpayi asirans plizyè risk, depatman, konsèy, komiyon, ak komite lejislatif yo dwe bay asosyasyon an tout dosye ak enfòmasyon ki aplikab sou demann pou ede asosyasyon an pran desizyon li. Tout lopital yo dwe, sou demann asosyasyon an, bay asosyasyon an enfòmasyon ki soti nan dosye yo konsènan tout nesans vivan. Enfòmasyon sa yo pa dwe gen non okenn doktè, non okenn anplwaye oswa ajan lopital la, non pasyan an, oswa okenn lòt enfòmasyon ki pral idantifye tibebe ki konsène nan nesans lan. Enfòmasyon yo jwenn konsa yo pral itilize sèlman nan objektif pou ede asosyasyon an epi yo pa dwe angaje okenn responsablite sivil oswa kriminel sou lopital la pou difizyon yo. Enfòmasyon sa yo dwe otreman se enfòmasyon ki konfidansyèl epi yo egzonore de dispozisyon ki nan s. 119.07(1) ak s. 24(a), Atik. I nan Konstitisyon Eta a.

(9)(a) Nan 60 jou yo ki apre depo yon reklamasyon, asosyasyon an dwe estime valè reyèl la nan pri total reklamasyon an, sa gen ladan estimasyon montan yo dwe peye demandè a, avoka demandè a, frè avoka asosyasyon an akòz reklamasyon an, ak nenpòt lòt depans ke asosyasyon an prevwa fè yon fason rezonab anrapò ak jijman an ak peman reklamasyon an. Pou rezon estimasyon sa a, asosyasyon an dwe mete avantaj maksimòm pou domaj ki pa ekonomik yo.

(b) Asosyasyon an dwe egzamine estimasyon sa yo chak trimès sou baz depans reyèl ki fèt ak nenpòt enfòmasyon siplemanntè ki vin disponib pou asosyasyon an depi dènye revizyon estimasyon sa a. Estimasyon an pral redui ak nenpòt montan asosyasyon an peye ki te antre nan estimasyon aktyèl la.

(c) Sizoka total tout estimasyon aktyèl yo egal ak 80 pousan nan fon ki disponib yo ak lajan ki pral vin disponib pou asosyasyon an nan pwochen 12 mwa yo apati tout sous ki dekri nan paragaf (4) ak (5) ak paragaf (7)(a), asosyasyon an pa dwe aksepte okenn nouvo reklamasyon san otorizasyon alekri Lejislati a. Anyen nan dokiman sa pa anpeche asosyasyon an aksepte nenpòt reklamasyon si blesi an te fèt 18 mwa oswa plis anvan dat antre anvigè sispansyon sa a. Nan 30 jou oplita apre dat antre anvigè sispansyon sa a, asosyasyon an dwe enfòme Gouvènè a, Prezidan Chanm Reprezantan an, Prezidan Sena a, Biwo Règlemantasyon Asirans yo, Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, Depatman Sante, ak Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl pou sispansyon sa a.

(d) Si yo anpeche nenpòt moun revandike yon reklamasyon kont asosyasyon an akòz paragaf

(c), plan pa dwe reprezante rekou esklizif la pou moun sa, reprezantan pèsònèl li, paran, depandan, oswa paran ki pi pwòch li.

Istwa.—s. 73, ch. 88-1; s. 39, ch. 88-277; s. 44, ch. 88-294; s. 6, ch. 89-186; s. 103, ch. 92-33; s. 122, ch. 92-149; s. 1, ch. 92-196; s. 94, ch. 92-289; s. 66, ch. 93-268; s. 1, ch. 94-85; s. 248, ch. 94- 218; s. 426, ch. 96-406; s. 1807,

ch. 97-102; s. 81, ch. 97-237; s. 167, ch. 98-166; s. 288, ch. 99-8; s. 227, ch. 2000-160; s. 7, ch. 2002-401; s. 4, ch. 2003-258; s. 1901, ch. 2003-261; ss. 79, 84, ch. 2003-416.

1 Remak.—Responsabilite Depatman Asirans yo te transfere bay Depatman Sèvis Finansye oswa Komisyon Sèvis Finansye pa ch. 2002-404, ak s. 20.13, ki kreye Depatman Asirans lan, te aboli pa s. 3, ch. 2003-1.

2 Remak.— Jan li amande ak s. 4, ch. 2003-258, ki te adopte nan Sesyon regilye 2003 a. Seksyon 79, ch. 2003-416, ki te adopte nan Sesyon Espesyal D, 2003, pa t entegre amannman an s. 4, ch. 2003-258, ki ajoute langaj la “oswa moun ki fèt nan yon lopital inivèsite jan sa defini nan s. 395.806 asosyasyon an konsidere kòm egzonore de kotizasyon depi ane fiskal 1997 jiska ane fiskal 2001.”

3 Remak.— Jan li amande ak s. 1901, ch. 2003-261, ki te adopte nan Sesyon Regilye 2003 a. Seksyon 79, ch. 2003-416, ki te adopte nan Sesyon Espesyal D, 2003, pa t entegre amannman an ak s. 1901, ch. 2003-261, ki ranplase yon referans Biwo Règlemantasyon Asirans pou yon referans Depatman Asirans lan.

766.3145 Kòd etik.

(1) Chak ane, nan dat 1 Jiyè oswa anvan, anplwaye asosyasyon an dwe siyen epi soumèt yon deklarasyon ki konfime yo pa gen yon konfli enterè jan sa defini nan pati III nan chapit 112. Kòm yon kondisyon pou travay, tout fiti anplwaye yo dwe siyen epi soumèt bay asosyasyon an yon deklarasyon konfli enterè.

(2) Direktè egzekitif la, manadjè siperyè yo, ak manm konsèy administrasyon yo depann de kòd etik ki prevwa nan pati III chapit 112 la. Pou rezon aplikasyon pati III nan chapit 112 lan nan aktivite direktè egzekitif la, manadjè siperyè, ak manm konsèy administrasyon an, moun sa yo konsidere kòm fonksyonè oswa anplwaye piblik epi asosyasyon an konsidere kòm ajans yo. Yon manm konsèy la pa ka vote sou okenn mezi ki ta ka lakòz avantaj oswa pèt prive espesyal li epi, malgre s. 112.3143(2), li pa gendwa vote sou okenn mezi li konnen ki ta ka lakòz gen oswa pèt prive espesyal nenpòt prensipal ki kenbe li oswa ki kenbe manman òganizasyon oswa filyal yon antrepriz prensipal ki kenbe li, eksepte yon ajans jan sa defini nan s. 112.312; oswa li konnen ki ta ka aplike pou avantaj oswa pèt espesyal prive yon paran oswa yon asosye komèsyal fonksyonè piblik la. Anvan vòt la fèt, manm sa a dwe deklare piblikman bay konsèy la nati enterè li nan zafè kote l ap fè abstansyon an epi, nan lespas 15 jou apre vòt la fèt, devwale nati enterè li a kòm yon dosye piblik nan yon memorandòm ki depoze devan moun ki responsab pou anrejistre pwosè vèbal reyinyon an, ki dwe entegre memorandòm lan nan pwosè vèbal la.

(3) Malgre s. 112.3148, s. 112.3149, oswa nenpòt lòt lwa, yon anplwaye oswa yon manm konsèy pa ka aksepte, dirèkteman oswa endirèkteman, okenn kado oswa depans nan men yon moun oswa yon antite, oswa yon anplwaye oswa yon reprezantan moun oswa antite sa, ki gen yon relasyon kontra ak asosyasyon an oswa ke y ap konsidere pou yon kontra.

(4) Yon anplwaye oswa yon manm konsèy ki pa respekte sou-seksyon (2) oswa sou-seksyon (3) ap sibi sanksyon ki prevwa dapre ss. 112.317 ak 112.3173.

(5) Nenpòt manadjè senyò oswa direktè egzekitif asosyasyon an ki anplwaye nan dat 1 Janvyè 2022 oswa apre, kèlkeswa dat anbochaj la, ki apre sa pran retrèt oswa mete fen nan travay la entèdi pou reprezante yon lòt moun oswa antite devan asosyasyon an pandan 2 zan apre retrèt oswa finisman travay nan asosyasyon an.

Istwa.—s. 4, ch. 2021-134.

766.315 Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida; konsèy administrasyon.

(1)(a) Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Florida ap dirije pa yon konsèy administrasyon ki gen sèt direktè ki pral rele Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida. Asosyasyon an pa yon ajans, yon konsèy, oswa yon komisyon Eta a. Malgre dispozisyon s. 15.03, asosyasyon an gen otorizasyon pou itilize so Eta a.

(b) Yo nonmen direktè yo pou manda 3 zan oswa jiskaske yo nonmen epi ratifye siksesè yo a; sepandan, yon administratè pa ka sèvi pandan plis pase 6 ane youn apre lòt.

(c) Se Direktè Finansye a ki dwe nonmen direktè yo nan fason konsa:

1. Yon reprezantan sitwayen ki pa afilye ak okenn nan gwoup ki idantifye nan paragraf 2.-7 la.
2. Yon reprezantan doktè patisipan yo.
3. Yon reprezantan lopital yo.
4. Yon reprezantan konpayi asirans plizyè risk.
5. Yon reprezantan doktè ki pa doktè patisipan yo.
6. Yon paran oswa responsab legal reprezantan yon tibebe blese ki nan plan an.
7. Yon reprezantan yon òganizasyon defansè pou timoun andikape yo.

(2)(a) Direktè Finansye a ka chwazi reprezantan doktè patisipan yo apati yon lis omwen twa non Kongrè Ameriken Obstetrisyen ak Jinekòlòg, Distri XII rekòmande; reprezantan lopital la apati yon lis omwen twa non Asosyasyon Lopital Florida yo rekòmande; reprezantan konpayi asirans plizyè risk yo apati yon lis omwen twa non, kote Asosyasyon Asirans Ameriken rekòmande youn nan yo, Konsèy Asirans Florida rekòmande youn nan yo, epi Asosyasyon Ameriken Domaj Byen rekòmande youn nan yo; epi reprezantan doktè yo, ki pa doktè patisipan yo, nan yon lis twa non Asosyasyon Medikal Florida rekòmande ak yon lis twa non Asosyasyon Medikal Osteyopatik Florida rekòmande. Sepandan, Direktè Finansye a pa oblije fè yon nominasyon pami kandida yo nan asosyasyon respektif yo. Yo pa ka nonmen nan konsèy la yon doktè patisipan ki site nan yon petisyon ki annatant pou yon reklamasyon. Yon direktè nonmen ki se yon doktè patisipan pa gendwa vote sou okenn kesyon konsèy la anrapò avèk yon reklamasyon aksepte pou yon konpansasyon si doktè a nonmen nan petisyon pou reklamasyon an.(b) Si sa aplikab, Direktè Finansye a dwe rapidman enfòme asosyasyon oswa moun apwopriye ki idantifye nan paragraf (a) pou fè rekòmandasyon lè vin gen nenpòt pòs vid, epi yo ka fè nominasyon sanblab pou ranpli pòs vid la.

(c) Gouvènè a oswa Direktè Finansye a gendwa retire yon direktè nan pòs li pou move konduit, malvèsasyon, fot egzekisyon, oswa neglijan nan kad fonksyon li. Nenpòt pòs vid ki kreye konsa dwe ranpli jan ki prevwa nan paragraf (a).

(3) Direktè yo pa gen dwa fè okenn biznis oswa egzèsè okenn pouvwa nan plan an eksepte sou vòt afimatif kat direktè. Direktè yo dwe egzèsè fonksyon yo san salè men yo gen dwa pou yo resevwa ranbousman pou depans reyèl ak nesèsè yo fè nan kad fonksyon ofisyèl li antanke direktè plan an annakò ak s. 112.061. Direktè yo pa depann de okenn responsablite konsènan administrasyon plan an.

(4) Konsèy administrasyon an gen pouvwa pou:

(a) Administre plan an.

(b) Administre lajan yo kolekte nan non plan an.

(c) Administre peman reklamasyon yo nan non plan an.

(d) Dirije envestisman ak re-investisman nenpòt lajan anlis sou pèt ak depans, si nenpòt revni envestisman ki pwodui konsa rete kredite nan plan an.

(e) Reyasire risk nan plan an konplètman oswa pasyèlman.

(f) Rele lajistis epi sibi pwosè, epi konparèt ak defann, nan tout aksyon ak pwosedi nan non li nan menm limit ak yon moun fizik.

(g) Genyen epi egzèsè tout pouvwa ki nesèsè oswa itil pou reyalize nenpòt oswa tout objektif plan an te kreye pou yo a.

- (h) Konkli kontra ki nesèsè oswa apwopriye pou administre plan an.
- (i) Anplwaye oswa kenbe moun sa yo nesèsè pou fè tranzaksyon administratif ak finansye ak responsablite plan an epi pou fè lòt fonksyon ki nesèsè ak apwopriye lalwa pa entèdi.
- (j) Pran mezi legal ki ka nesèsè pou evite peman reklamasyon ki pa jistifye yo.
- (k) Dedomaje nenpòt anplwaye, ajan, manm konsèy administrasyon an oswa sipleyan li, oswa yon moun k ap ajì nan non plan an nan yon tit ofisyèl, pou depans, sa gen ladan frè avoka, jijman, amann, ak montan yo peye nan regleman ki fèt reyèlman ak nan fason rezonab anrapò ak nenpòt aksyon, pwosè, oswa pwosedi, sa gen ladan nenpòt apèl kont bagay sa yo, ki vin genyen akòz kapasite moun sa a pou ajì nan non plan an, si moun sa a te ajì ak tout bònfw ak nan yon fason li kwè yon fason rezonab ki nan, oswa ki pa opoze ak, pi bon enterè ak sante plan an ak pi bon enterè patisipan an ki gen blesi newolojik anrapò avèk nesans lan, ak si, konsènan nenpòt aksyon oswa pwosedi kriminel, moun sa a te gen motif rezonab pou kwè konduit li te legal.
- (5)(a) Yo ka retire lajan nan kont plan an sèlman ak prezantasyon yon kupon jan asosyasyon an otorize.
- (b) Tout reyinyon konsèy administrasyon an depann de egzijans ki nan s. 286.011, ak tout liv, dosye, epi odit plan an disonib pou piblik la fè enspeksyon rezonab, sòfke yon dosye reklamasyon ki nan posesyon asosyasyon an oswa reprezantan li se bagay ki konfidansyèl epi ki egzonore de dispozisyon ki nan s. 119.07(1) ak s. 24(a), Atik. I nan Konstitisyon Eta a jiska fen dispit la oswa règleman reklamasyon an, byenke dosye medikal yo ak lòt pati nan dosye reklamasyon an ka rete konfidansyèl epi egzonore jan lalwa prevwa otreman. Nenpòt liv, dosye, dokiman, odit, oswa byen asosyasyon an achte, prepare oswa peye pou li anba otorite konsèy administrasyon an, ki responsab pou sa. (c) Eksepte nan ka reyinyon ijans yo, asosyasyon an dwe bay avi nenpòt reyinyon konsèy la pa mwayen piblikasyon sou sit entènèt asosyasyon an omwen 7 jou anvan reyinyon an. Asosyasyon an dwe prepare yon ajanda atan pou asire nenpòt moun ki mande yon kopi epi ki peye pri rezonab pou kopi a ka resevwa yon kopi ajanda a omwen 7 jou anvan reyinyon an. Ajanda a, ansanm ak nenpòt dokiman reyinyon ki disponib sou fòm elektwonik, eksepte enfòmasyon konfidansyèl ak egzonore yo, dwe pibliye sou sit entènèt asosyasyon an. Ajanda a dwe genyen kesyon yo pou yo konsidere nan lòd prezantasyon yo ak yon nimewo telefòn pou manm piblik la patisipe nan telefòn nan reyinyon konsèy la. Apre yo mete ajanda a disponib, yon chanjman dwe fèt sèlman pou yon motif valab, jan moun ki deziyen pou prezide a detèmine, epi yo dwe endike sa nan pwosè vèbal la. Notifikasyon sou chanjman sa dwe fèt byen bonè nan mezi ki posib.
- (d) Chak moun ki gen otorizasyon pou resevwa depo, emèt kupon, oswa retire oswa debouse otreman nenpòt ki lajan dwe afiche yon garanti fidelite global nan yon montan ki sifi yon fason rezonab pou pwoteje byen plan an, jan fonksyonman plan an detèmine. Y ap peye pri garanti sa nan byen plan an.
- (e) Chak ane, asosyasyon an dwe bay nenpòt patisipan nan plan an, Biwo Règlemantasyon Asirans Komisyon Sèvis Finansye a, ak Komite Odit Lejislatif Konjwen an rapò finansye verifye sou demann. Yo dwe prepare rapò yo annakò ak pwosedi kontablite ki aksepte yo epi yo dwe mete enfòmasyon Biwo Règlemantasyon Asirans yo oswa Komite Odit Lejislatif Konjwen an egzije. Nenpòt lè yo detèmine li nesèsè, Biwo Règlemantasyon Asirans oswa Komite Odit Lejislatif Konjwen an ka fè yon odit sou plan an.
- (f) Lajan yo kenbe nan non plan an se lajan Eta Florida a. Asosyasyon an ka sèlman investi lajan plan an nan envestisman ak sekirite ki dekri nan s. 215.47, epi yo dwe depann de limit sou envestisman ki nan seksyon sa. Tout revni ki sòti nan envestisman sa yo pral kredite nan plan an. Konsèy Administrasyon Eta a ka investi ak re-investi lajan ki kenbe nan non plan an annakò ak akò fidisi asosyasyon ak Konsèy Administrasyon Eta a apwouve ak nan dispozisyon ki nan ss. 215.44-215.53.
- (6) Asosyasyon an dwe bay chak paran ak responsab legal k ap resevwa avantaj nan plan an chak ane, swa pa lapòs oswa elektwonikman yon lis depans ki konpansab dapre plan an.
- (7) Asosyasyon an dwe pibliye yon rapò sou sit entènèt li anvan 1 Janvyè 2022, epi chak 1 Janvyè apre sa. Rapò a dwe genyen ladan:

- (a) Non ak manda chak manm konsèy ak manm pèsònèl egzekitif la.
 - (b) Montan konpansasyon yo peye chak anplwaye asosyasyon an.
 - (c) Yon rezime diskisyon sou ranbousman ak rezolisyon yo.
 - (d) Yon lis depans pou frè avoka ak frè lòbi.
 - (e) Lòt depans pou kontrekare chak reklamasyon plan. Nenpòt enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl paran an, responsab legal, oswa patisipan ki enplike nan reklamasyon an dwe retire nan lis sa a.
 - (8) Nan dat 1 Novanm 2021 oswa anvan, epi chak 1 Novanm apre sa, asosyasyon an dwe soumèt yon rapò bay Gouvènè a, Prezidan Sena a, Prezidan Chanm Reprezantan an, ak Direktè Finansye a. Rapò a dwe gen ladan:
 - (a) Kantite petisyon yo te depoze pou konpansasyon devan divizyon an, kantite demandè yo akòde konpansasyon, kantite demandè yo te refize konpansasyon, ak rezon ki fè yo refize konpansasyon an.
 - (b) Kantite ak montan konpansasyon an dola yo peye ak refize pou depans dapre kategori ak rezon ki fè yo refize nenpòt konpansasyon pou depans yo dapre kategori. (c) Delè mwayen pou peye oswa refize konpansasyon pou depans yo.
 - (d) Rekòmandasyon lejislatif pou amelyore pwogram nan.
 - (e) Yon rezime nenpòt dispit ki annatant oswa ki rezoud pandan ane a ki afekte plan an.
 - (f) Montan konpansasyon yo peye chak anplwaye asosyasyon an oswa manm konsèy administrasyon an.
 - (g) Pou rapò inisyal ki gen dèlè nan dat 1 Novanm 2021 oswa anvan, yon rapò aktyaryèl ki fèt pa yon aktyè endepandan ki bay yon analiz depans yo estime pou mete an plas chanjman annapre la yo nan plan an:
 1. Diminye kalifikasyon pwa minimòm nan nesans pou yon patisipan nan plan an soti nan 2,500 gram rive nan 2,000 gram.
 2. Revize kalifikasyon pou patisipasyon nan plan an nan prevwa yon tibebe dwe gen gwo defisyans mantal oswa fizik an pèmanans, olye gwo defisyans an pèmanans sou plan mantal ak fizik.
 3. Ogmante avantaj espesyal anyèl la oswa avantaj kalite lavi a soti \$500 rive \$2,500 pou chak ane sivil.
- Istwa.**—s. 74, ch. 88-1; s. 40, ch. 88-277; s. 7, ch. 89-186; s. 2, ch. 94-85; s. 427, ch. 96-406; s. 1808, ch. 97-102; s. 3, ch. 98-113; s. 2, ch. 98-409; s. 1902, ch. 2003-261; s. 3, ch. 2006-8; s. 11, ch. 2014-103; s. 5, ch. 2021-134.

766.316 Avi pou patisipan obstetrik sou patisipasyon nan plan an.

Chak lopital ki gen yon doktè patisipan nan estaf li epi chak doktè patisipan, ki pa rezidan yo, rezidan asistan yo, ak estajyè yo, konsidere kòm doktè patisipan dapre s. 766.314(4)(c), dapre Plan Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans Florida a dwe bay pasyan obstetrik yo avi sou altènativ limite san fot pou blesi newolojik anrapò avèk nesans lan. Yo dwe bay avi sa a sou fòmilè asosyasyon an bay epi li dwe gen ladan l yon eksplikasyon klè ak kout sou dwa ak limit yon pasyan nan plan an. Lopital la oswa doktè patisipan an ka chwazi pou pasyan an siyen yon fòmilè pou rekonèt li resevwa fòmilè avi a. Siyati pasyan an ki rekonèt li resevwa fòmilè avi a, souleve yon sipozisyon refitab ke egzijans avi ki nan seksyon sa a te respekte. Yo pa dwe bay yon avi a yon pasyan lè pasyan an gen yon pwoblèm medikal ijans jan sa defini nan s. 395.002(8)(b) oswa lè avi a pa aplikab.

Istwa.—s. 75, ch. 88-1; s. 8, ch. 89-186; s. 4, ch. 98-113; s. 91, ch. 99-3; s. 205, ch. 2007-230.



SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO
AK DOKTÈ YO

Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò Avèk Nesans nan Florida

P.O. Box 14567

Tallahassee, Florida 32317

Liy Gratis 1-800-398-2129

Telefòn (850) 488-8191

Faks (850) 922-5369

Sitwèb NICA.com

ANÈKS A: EKIPMAN

Anèks A – Ekipman			
Lis sa a gen ladan, men se pa yo sèlman, ekipman ki te deja otorize.			
Ekipman < \$3000		Ekipman > \$3000	
Syèj/Chèz pou Aktivite			Kabann
AFO yo			Aparèy pou leve ki nan plafon (Mobility Works)*
Matla Pèt Lè (Air Loss Mattress)			Aparèy Kominikasyon
Monitè /Videyo Tibebe			Jilè Konpresyon
Chèz pou Benyen			Chèz woulant elektrik
Chèz Machin			Firefly (Chèz)*
Tab pou Chanje			Freedom Concept (Bisiklèt)*
Odinatè			Antrenè Demach (Gait Trainer)
Chèz pou Manje			Kabann Lopital
Ponp Alimantasyon			Ranp Pèmanan
Ranp Planche/ Papòt			Konsantratè O2 Pòtab
Linèt			Aparèy Chofaj Pisin Pòtab
Atach (Hitch) pou Kamyonèt			Ranp Pòtab
Aparèy Hoyer pou souleve pasyan			Chèz Ppod
Basen Cho oswa Aparèy Chofaj Pisin (\$2500 limit)			Scooter
Imidifikatè			Kabann Sleep Safe*
Ipad***			Stander
Chèz woulant Manyèl			Stim Designs (Sistèm Galileo)*
Mega Woulo Kawotchou			Pousèt
Nebilizè			Tablèt
Konsantratè O2			Tobii Dynavox*
Ranp Pòtab			Trexo*
Machin Pòtab pou Aspirasyon			Twotè (walker)
Dèlko Pòtab (\$3000 limit)			
Oksimèt Poul			
Pyès derechanj pou Ekipman			
Stetoskòp			
Machin pou Aspirasyon			
Ban Terapi			
Tapi Terapi			
Sistèm Twalèt			
Kouwa Transfè - avèk manch			
Sistèm Kòlèk Pipi			
* Atik NICA gen yon relasyon avèk yon vandè byen presi			
** Apati 1/1/2022 pa gen yon limit \$500 ankò pou acha ipad			

ANÈKS B: FOUNITI YO

Anèks B – Founiti

Lis sa a gen ladan, men se pa sa sèlman, founiti ki te deja otorize.

Rad Adaptatif
Alkòl
Manje Tibebe
Sakado (pou mete founiti ijans lè an deplasman)
Bavèt
Booster Pads
Twal Burp
Ti sèvyèt Clorox
Krèm pou Chofi Kouchèt
Kouchèt (apre laj 3 zan)
Sak alimantasyon - Sistèm soulajman presyon
Kit Ponp Alimantasyon
Kiyè Alimantasyon
Founiti netwayaj pou tib alimantasyon
Blòk eskalad an mous
Fòmila
Twal gaz
Gan
Akseswa pou G-tib
Pwànnye
Kas pou terapi sou cheval
Mas
Poud Ranplasman Manje
Bouton Mickey
Aplikatè pou bouch
Kanila Nazal
Bwòs dan pou aspirasyon oral
Oksijèn

Pedialyte
Pewoksid
Pullups
Solisyon salin
Dezenfektan
Soulye pou AFO yo
Chosèt pou AFO yo
Tas Alimantasyon Espesyal
Katetè pou Aspirasyon
Plato pou aspirasyon
Sipleman yo
Sereng yo
Tep Adezif
Toothettes
Pwoudu pou tib trakeyotomi
Tib trakeyotomi
Sak Fatra
Tib
Underpad (avèk oswa san adezif)
Founiti pou sistèm kòlèk pipi
Sak pou Vomisman
Twal benyen
Dlo (pou ekipman oswa fòmila)
Len
Ti sèvyèt (apre laj 3 zan)

MANYÈL AVANTAJ YO

Apwouve 25 Out 2022



**Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Anrapò
Avèk Nesans nan Florida**

P.O. Box 14567

Tallahassee, Florida 32317

Liy Gratis 1-800-398-2129

Telefòn (850) 488-8191

Faks (850) 922-5369

Sitwèb NICA.com



SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO AK
DOKTÈ YO